ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№106 (25.012) • 2026 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 3, махуэку • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ



# Гурэ псэкІэ Хэкум хуэпэжхэр

**Хабзэ зэрыхъуауэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэралыгъуэм и махуэр щагъэлъапІэ фокІадэм и 1-м ирихьэлІэу, жылагъуэ гъащІэм зи гуащІэр езыхьэлІэ республикэм и лэжьакІуэхэм дамыгъэ лъапІэхэр хуагъэфэщащ.**

«НОБЭРЕЙ махуэшхуэр республикэм къэралыгъуэ мыхьэнэ щигъуэта тхыдэ Іыхьэщ, - щыжиІащ КІуэкІуэ Казбек Правительствэм и Унэм щекІуэкІа гуфІэгъуэ зэхуэсым. - Илъэс къэс абы и лъапІагъыр нэхъ куууэ зыхыдощІэ. Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм автоном республикэу щыхэува лъэхъэнэр ди щІыналъэм щыпсэу лъэпкъхэм я дежкІэ лъэбакъуэ щхьэпэ хъуауэ щытащ, я экономикэм, социальнэ гъащІэм, щэнхабзэм зыщІиужьын щхьэусыгъуэ яхуэхъуу. Абы и фІыгъэкІэ, дэтхэнэ лъэпкъми Іэмал игъуэтащ и бзэр, и щэнхабзэр, и хьэлыр къезыгъащтэ лъапІэныгъэхэр ихъумэжыну. Республикэм къызэринэкІа дэтхэнэ гъуэгуанэ Іыхьэми и уасэр ди гум илъщ, ди япэ итахэм яхузэфІэкІари тщыгъупщэнукъым».

КІуэкІуэ Казбек къызэхуэсахэм ягу къигъэкІыжащ илъэс екІуэкІым къриубыдэу КъБР-м хузэфІэкІахэм: промышленностым къыщІигъэкІыр проценти 110,3-м нэсащ, мэкъумэшым ейр проценти 102,3-рэ мэхъу, ухуэныгъэм - проценти 101,5-рэ. Илъэс блэкІам еплъытмэ, инвестицэхэм я бжыгъэр сом меларди 3-м фІэкІащ. ЦІыхубэм къахэхъуэ ахъшэр проценти 104,8-кІэ нэхъыбэ хъури, ику ит улахуэр сом мин 57916-м нэсащ. Къыхэгъэщыпхъэщ лэжьапІэншэхэм я бжыгъэм зэрыхэщІари: 2019 гъэм ар проценти 9,1-уэ щытамэ, 2026 гъэм зэрыхъур проценти 2,1-рэщ.

Къэрал дамыгъэ лъапІэхэр зратынухэм щатепсэлъыхьым, КІуэкІуэ Казбек гулъытэ щхьэхуэ яхуищІащ мы махуэхэм зи илъэси 100-р зыгъэлъэпІа, РАН-м хыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ центрым Гуманитар щІэныгъэхэмкІэ и институтым и лэжьакІуэхэм. Илъэсищэ хъуауэ, мы ІуэхущІапІэм щІэныгъэми, лъэпкъ литературэми, тхыдэми хуищІ хэлъхьэныгъэр къыпхуэмылъытэнщ. Къэралым пщІэ зыхуищІахэм ящыщщ зи гугъу тщІа институтым и лэжьакІуэ, дызэрыт илъэсым илъэс 90 ирикъуа Опрышкэ Олег. НэхъыжьыфІым «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІыхубэ тхакІуэ» цІэ лъапІэр хуагъэфэщащ.

Гулъытэшхуэ яхуищІащ КІуэкІуэ Казбек медицинэм и лэжьакІуэхэми, абыхэм я пщэ дэлъ къалэн къызэрымыкІуэм хуэфэщэн уасэ хуэбгъэувыну зэрыгугъур къыхигъэщу. Перинатальнэ центрым и унафэщІ Гаевэ Алёнэ Урысейм щІыхь зиІэ и дохутыр цІэ лъапІэр фІащащ, а ІуэхущІапІэ дыдэм и анестезиолог-реаниматолог Жанатаевэ ФатІимэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щІыхь зиІэ и дохутыр цІэр хуагъэфэщащ. Крымский Лука и цІэр зезыхьэ саугъэтыр иратащ КъэхъукъащІэхэмкІэ медицинэ центрым и лэжьакІуищым.

Щхьэхуэу къыхэгъэщыпхъэщ илъэсищ хъуауэ ди республикэм и нэІэ зытет Скадовск къалэм щылажьэ слесарь Омельченкэ Александр. Абы хуагъэфэщащ УФ-м и Президентым и ФІыщІэ тхылъыр.

Псори зэхэту цІыху 39-м иратащ къэрал саугъэтхэр. Зи цІэ къраІуа дэтхэнэ зыри къыщалъхуа щІыналъэми Урысейми гурэ псэкІэ хуэлажьэ цІыхухэщ, нэхъыжь-нэхъыщІэр, напэр, жэуаплыныгъэр зищІысыр ящІэу.

**КЪУДЕЙ Іэминэ.**



КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-ІуэхущІапІэхэм къызэратамкІэ

# ГуфІэгъуэр къыддаІэт

**ФокІадэм и 1-р ди республикэм дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ махуэ хэхащ. Абы ирохьэлІэ КъБР-м и Къэралыгъуэм, Конституцэм, къалащхьэ Налшык я махуэхэр. КъинэмыщІауэ, къэрал псом и гъусэу догъэлъапІэ ЩІэныгъэхэм я махуэр. А гуфІэгъуэшхуэхэр гурэ псэкІэ къыддаІыгъащ ди къэралым и унафэщІхэм, гъунэгъу щІыналъэхэм я пашэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэм.**

КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэмкІэ гуапэу къыдэхъуэхъуахэм ящыщщ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкІэ и Советым и УнафэщІ **Матвиенкэ Валентинэ**. «Къэбэрдей-Балъкъэрыр тхыдэшхуэ зи щІыбагъ къыдэлъ, щІыуэпс телъыджэрэ щэнхабзэ щІэин къулейрэ зиІэ щІыналъэщ. Республикэм бгъэдэлъ а хъугъуэфІыгъуэхэр Кавказ Ищхъэрэми ди къэралышхуэми щалъытэ лъапІэныгъэхэм ящыщщ, - къыщыхигъэщащ абы ди щІыналъэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек къыхуигъэхьа хъуэхъум. - ЗэгурыІуэрэ зэдэІуэжу лъэпкъыбэ щызэдэпсэу щІыналъэм хьэщІагъэкІэ къыпэхъун щымыІэми ярейщи, фи лъахэм зэ щеувэхар хущІокъу абы етІуанэу къытригъэзэжыну». Матвиенкэ и псалъэм къыхигъэбелджылыкІащ республикэм и унафэщІхэм лъэпкъ экономикэмрэ социальнэ Іуэхухэмрэ, щІэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ, егъэджэныгъэмрэ узыншагъэр хъумэнымрэ епха ІэнатІэхэм адэкІи заужьыным гулъытэшхуэ зэрыхуащІыр, абыхэмкІэ ехъулІэныгъэфІхэри зэрызыІэрагъэхьэр. А псоми адэкІэ зэрызиужьынум шэч лъэпкъ къытримыхьэу, Матвиенкэ республикэм и цІыху псоми къыдэхъуэхъуащ ди щІыналъэм, къэралышхуэм яфІ зыхэлъ ІуэхуфІхэр ди ІэрыкІыу узыншэу, зэпэщу дыпсэуну.

Республикэм и махуэмкІэ къыщыдэхъуэхъу тхыгъэ купщІафІэ къытхуигъэхьащ УФ-м и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэ **Новак Александр**. «Урысейм и зы Іыхьэу хэт Къэбэрдей-Балъкъэрым нобэ игъэлъапІэ махуэшхуэр и щыхьэтщ абы щыпсэу лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм, яку дэлъ зэгурыІуэныгъэм, - итщ КъБР-м и Іэтащхьэм къыІэрыхьа хъуэхъум. - ГъащІэм и лъэныкъуэ куэдкІэ зыужьыныгъэфІхэр зэзыгъэгъуэт щІыналъэм сакъыу щахъумэ нэхъыжьхэм къыхуагъэна тхыдэ-щэнхабзэ беягъэр, зихуэдэ щымыІэ щэнхабзэмрэ игъащІэ лъандэрэ къадекІуэкІ хабзэхэмрэ. Сигуми си псэми къабгъэдэкІыу сынывохъуэхъу ехъулІэныгъэщІэхэр зыІэрывгъэхьэну, узыншагъэрэ насыпрэ фыщымыщІэну».

Къэралыгъуэм и махуэмкІэ КъБР-м и Іэтащхьэм, и ныбжьэгъуфІым икІи и лэжьэгъум, апхуэдэуи ди щІыналъэм и цІыху псоми гуапэу къехъуэхъуащ гъунэгъу къуэш щІыналъэм, Къэрэшей-Шэрджэсым, и Іэтащхьэ **Темрезов Рашид**. «Къэбэрдей-Балъкъэрым щывгъэлъапІэ махуэщІхэр я нэщэнэ дахэщ щІыналъэм щыпсэухэм яку зэкъуэтыныгъэ быдэ зэрыдэлъым, республикэр зыужьыныгъэм и гъуэгум зэрытетым, - щетх Темрезовым и хъуэхъум. - ЛІэщІыгъуэкІэрэ къадекІуэкІа лъэпкъ хабзэхэр, анэдэлъэхубзэхэр, хабзэхэр сакъыу яхъумэу, республикэм и цІыхубэр гушхуэныгъэ яІэу къэкІуэнум зэрыхуэплъэр нэрылъагъущ. ЗыІэрывгъэхьэ ехъулІэныгъэ псоми я щІыбагъ къыдэлъщ а цІыхубэм я гуащІэрэ унэтІыныгъэ куэд къызэщІэзыубыдэ я зэфІэкІ лъагэрэ. ФІыуэ тлъагъу ди къуэш республикэм щыпсэухэм сынывохъуэхъу дяпэкІи фІыгъуэ куэд иджыри къывэуэлІэну, зэпэщыныгъэрэ унагъуэ насыпрэ фыщымыщІэу фыпсэуну».

Апхуэдэ псалъэ гуапэ зэрыт хъуэхъу дахэ куэд мы махуэхэм къиихьащ ди республикэм, къэрал къулыкъущІэ лъагэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм, цІыху щхьэхуэхэм къабгъэдэкІыу. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми и купщІэ нэхъыщхьэр епхащ зыужьыныгъэм и гъуэгум тет ди щІыналъэм адэкІи ехъулІэныгъэ лъагэхэр зыІэригъэхьэным, и цІыхухэр насыпыфІэу псэуным.

Уи Къэралыгъуэм и махуэшхуэм адэкІи зыдэбузэщІыну, фІыуэ тлъагъу ди Къэбэрдей-Балъкъэр!

**КЪАРДЭН Маритэ.**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр тыным и ІуэхукІэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

ЗыІэрагъэхьа ехъулІэныгъэхэмрэ илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрылажьэмрэ папщІэ

*Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр етын*

**Дзыгул МуІэед ХьэцІыкІу и къуэм** - «КъБР-Медиа» къэрал кІэзонэ ІуэхущІапІэм и унафэщІым и къуэдзэм,

**Жылэ Темур Къесын и къуэм** - жэуап зэхэгъэщхьэхукІа зыхь зэгухьэныгъэм и «Продукт-Сервис» фирмэм и унафэщІым,

**Къанкъул Алик Хьэмидбий и къуэм** - Дзэлыкъуэ муниципальнэ щІыналъэм хыхьэ Къамылыкъуэ къуажэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм,

**Кульгавэ Владимир Алексей и къуэм** - Урысейм связымкІэ и ІэнатІэм и профсоюз жылагъуэ зэгухьэныгъэм электросвязым и лэжьакІуэхэм я профсоюзым и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ комитетым и унафэщІым,

**Малкаров Олег Ахъмэт и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ цІыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкІэ къащхьэщыжынымкІэ и министерствэм «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм дохутыр-социальнэ къэпщытэныгъэмкІэ и ІуэхущІапІэ нэхъыщхьэ» и къэрал кІэзонэ ІуэхущІапІэм и унафэщІым и къуэдзэм - дохутыр-социальнэ къэпщытэныгъэмкІэ и эксперт нэхъыщхьэм;

*цІэ лъапІэхэр яфІэщын:*

*«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и дохутыр»*

**Азаматовэ Элеонорэ Камиль и пхъум** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм «Узыфэ зэмылІэужьыгъуэхэр зыпкърытхэм щеІэзэ сабий клиникэ сымаджэщ» узыншагъэр хъумэнымкІэ и къэрал бюджет ІуэхущІапІэм тэмэму зэхэзымых, мыпсэлъэф сабийхэм ядэлэжьэнымкІэ республикэ сабий центрым и къудамэм и унафэщІым, дохутыр-сурдолог-отоларингологым,

*«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ»*

**Порошин Андрей Валентин и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм «ТворчествэмкІэ «ДыгъафІэ къалэ» сабий академие» курыт щІэныгъэ щрагъэгъуэт и къэрал бюджет ІуэхущІапІэм ныбжьыщІэ зэчиифІэхэм щадэлажьэ и лицейм физикэмкІэ и егъэджакІуэм.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2026 гъэм шыщхьэуІум и 27-м*
*№84-УГ*

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденыр Созаев А.С. етыным и ІуэхукІэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Лъэпкъ литературэм зегъэужьыным хуищІа хэлъхьэныгъэ инхэм щхьэкІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденыр етын **Созаев Ахъмэт СулътІан и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм хэтым.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2026 гъэм шыщхьэуІум и 28-м*
*№89-УГ*

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденыр Къубатий А. А. етыным и ІуэхукІэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрылажьэмрэ жылагъуэ Іуэхухэм жыджэру зэрыхэтымрэ щхьэкІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденыр етын **Къубатий Адил Адиб и къуэм** - илъэсым и зэман псоми лажьэ «Іуащхьэмахуэ» турист-рекреацэ комплексым къабзагъэр къызэгъэпэщыным пыщІа унэтІыныгъэм и унафэщІым.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2026 гъэм шыщхьэуІум и 28-м*
*№90-УГ*

# Лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэ 30-м щІигъу щоджэ

**Дерс щхьэхуэхэр кууэ щадж курыт школ № 6-м, къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжа нэужь, Налшык и бжэхэр къыщызэІуихыжащ КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэмрэ ЩІэныгъэм и махуэмрэ ирихьэлІэу.**

«КъБР-м егъэджэныгъэм зыщегъэужьын» къэрал программэр зэрагъэзащІэм и фІыгъэкІэ еджапІэр гъэ еджэгъуэщІэм и пэщІэдзэм ирихьэлІэу хьэзыр хъуащ: ухуакІуэхэм унащхьэмрэ блынхэмрэ къагъэщІэрэщІэжащ, инженер хуэІухуэщІэхэр зэрахъуэкІри, кІуэцІыр зыхуей хуагъэзащ. ФокІадэм и 1-м ныбжьыщІэхэм тыгъэ хуащІащ егъэджэныгъэ Іуэхум сыт и лъэныкъуэкІи хуэхьэзыр еджапІэр.

Школым и гъащІэм щыщ ІыхьэщІэр щаублэ дауэдапщэм хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщІ **Егоровэ Татьянэ**, Налшык къалэм и прокурор **Къанщауэ Аслъэн**, Налшык къалэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и япэ къуэдзэ **Храмцов Алексей**, дзэ Іуэху хэхам и ветеранхэр, къалэм егъэджэныгъэмкІэ и департаментым и лІыкІуэхэр.

Махуэшхуэм щІадзащ къэрал гимнхэр ягъэзащІэу, Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ я ныпхэр яІэту.

ХьэщІэхэм, еджакІуэхэм, адэ-анэхэм, егъэджакІуэхэм фІэхъус щарихым, курыт школ № 6-м и директор **Текуев Аслъэн** фІыщІэ яхуищІащ республикэм и унафэщІхэм, ухуакІуэхэм, адэ-анэхэм, школыр и чэзум зэрагъэпэщыжауэ къызэІухыным хэлІыфІыхьа псоми. Ар еджакІуэхэм ехъуэхъуащ ехъулІэныгъэхэр яІэну. Школ унафэщІым къыхигъэщащ ныбжьыщІэхэм я зэныбжьэгъугъэр щапхъэфІу зэрилъагъур, мы гъэр Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсу зэрагъэувам ипкъ иткІэ. Мы школым лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэ 30-м щІигъум щыщ сабийхэр щоджэ.



Къызэхуэсахэм ЩІэныгъэм и махуэмрэ ныбжьыщІэхэм я гъэ еджэгъуэщІэм зэрыщІидзэмкІэ ехъуэхъуащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщІ Егоровэ Татьянэ:

- Нобэрей зэманым дэтхэнэ цІыхуми и гъащІэм щІэныгъэм мыхьэнэшхуэ щиІэщ. Абы къыхэкІыу фокІадэм и 1-р ІуэхущІэхэмрэ ІэмалыщІэхэмрэ я дамыгъэу жыпІэ хъунущ, - къыщІидзащ и псалъэм Егоровэ Татьянэ. - Нобэ махуэшхуэр щагъэлъапІэ сабий гъэсапІэм къыщыщІэдзауэ еджапІэ нэхъыщхьэхэм щыщІэкІыжу. Ауэ гулъытэ хэха зиІэр, дауи, школырщ. Ар икІи гурыІуэгъуэщ, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, школ илъэсхэм нэхъ телъыджэ, нэхъ гукъинэж щыІэкъым. А илъэсхэращ цІыхум и къэухьыр, дуней еплъыкІэр щызэфІэувэр, и зэчийхэмрэ зэфІэкІхэмрэ къыщызэІуихыр. ЩІэныгъэм и махуэр еджэми езыгъаджэ псоми я махуэшхуэщ. ЕгъэджакІуэхэм я дежкІэ ар лэжьыгъэм и лъэхъэнэщІэщ, я гъэсэнхэм щаІущІэ гуфІэгъуэщ. ЕджакІуэхэм я дежкІэ - гъащІэм и лъэбакъуэщІэщ, къэхутэныгъэщІэхэм я щІэдзапІэщ. Класс нэхъыжьхэм щІэсхэм я дежкІэ - адэкІэ я гъуэгур къыхахынымкІэ илъэс нэхъыщхьэщ. Ауэ псом нэхърэ мы махуэм мыхьэнэшхуэ иІэщ гъащІэ гъэщІэгъуэным япэу лъэбакъуэ хэзычэ цІыкІухэм - езанэ классым кІуэхэм - я дежкІэ. Дэтхэнэми щІэныгъэм и дуней телъыджэм мы махуэр щІэдзапІэфІ хурехъу!

Хабзэубзыху ІуэхущІапІэм и УнафэщІым къыхигъэщащ мы зэманым къэралми республикэми куэд дыдэ зэрыщащІэр егъэджэныгъэр иджырей мардэхэм тету къызэрагъэпэщын, сабийхэм я зэфІэкІхэм зрагъэужьын папщІэ. «Абы и щапхъэщ нобэ дыкъыздеблэгъа школым щытлъагъу зэхъуэкІыныгъэфІхэр. ЕджапІэм и теплъэр ефІэкІуа къудейкъым - ар ІэмэпсымэщІэхэмкІэ, иджырей ІэмалхэмкІэ къызэгъэпэщащ. Ахэр, шэч хэмылъу, яхуэщхьэпэнущ ныбжьыщІэхэм щІэныгъэ куу ягъуэтынымкІэ», - дыщІигъуащ Егоровэм.

ФокІадэм и 1-р республикэм дежкІэ махуэшхуэ тІуащІэу зэрыщытыр къыхигъэщри, Егоровэ Татьянэ къызэхуэсахэм ехъуэхъуащ КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэмкІи.

- ФІыуэ тлъагъу ди республикэм и махуэри догъэлъапІэ. Ди къэкІуэнур фэращи, зыщывмыгъэгъупщэ фи дэтхэнэ ехъулІэныгъэри ди Къэбэрдей-Балъкъэрым и зыужьыныгъэм и хэлъхьэныгъэу зэрыщытыр. Псом нэхърэ нэхъыщхьэр ди къэралышхуэм хуэфащэ цІыхуу, фи хэкушхуэмрэ фи хэку цІыкІумрэ фІыуэ флъагъуу фыкъэхъунырщ. Нобэ псоми сехъуэхъуну сыхуейщ узыншагъэ быдэ, насып яІэну, ди егъэджакІуэхэм - сабийхэм я зэчийр къагъэнэІуэфыну, еджакІуэхэм - щІэныгъэм и фІагъыр зыхащІэну, адэ-анэхэм - я бынхэм иригушхуэну, - дыщІигъуащ Егоровэм.

КъагъэщІэрэщІэжа школым щІэныгъэм и махуэр гукъинэжу щагъэлъэпІащ. Абы хъуэхъу гуапэхэр къыщыІурт, сабийхэмрэ адэ-анэхэмрэ я нэжэгужагъым гур хигъахъуэрт. Апхуэдэу къэхутэныгъэхэмкІэ, ехъулІэныгъэхэмкІэ, Іуэхугъуэ гъэщІэгъуэнхэмкІэ гъэнщІауэ щытыну гъэ еджэгъуэм щІидзащ.

Курыт школ №6-р зэрызэрагъэпэщыжам и мызакъуэу, Налшык щыпсэу ныбжьыщІэхэм я зэфІэкІыр сэтей къэзыщІыфыну, фІагъ лъагэ зиІэ щІэныгъэ щратыфыну еджапІэ хъуащ. Мыбы Іэмал псори къыщызэрагъэпэщащ дэтхэнэ еджакІуэми гулъытэ иІэн хуэдэу.

# Тетынущ захуагъэмрэ пэжымрэ

**КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек фокІадэм и 1-м яІущІащ политикэ партхэм я щІыналъэ къудамэхэу зи кандидатхэр ХэхакІуэ комиссэм итхахэм я унафэщІхэм.**

ЗЫТЕПСЭЛЪЫХЬА Іуэху нэхъыщхьэхэм ящыщщ жылагъуэм къэрал властым и мыхьэнэр къиІлъытэу, и унафэхэм арэзы техъуэу хэхыныгъэхэм хэтыныр, къытпэщыт ІэІэтыр захуагъэм тету егъэкІуэкІыныр. Гулъытэ щхьэхуэ хуащІащ шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным - мы зэманым хэхакІуэ комиссэхэр быдэу япыщІащ хабзэхъумэ ІуэхущІапІэхэм, цІыхухэм я Іуэху еплъыкІэхэр къапэрыуэ щымыІэу къагъэлъэгъуэн папщІэ.

Республикэм и Іэтащхьэр КъБР-м и ХэхакІуэ комиссэм и унафэщІ Джэш Вячеслав еупщІащ къэблэгъа ІэІэтым зэрыхуэхьэзырым теухуауэ. Абы къызэхуэсахэр щыгъуазэ ищІащ хэхыныгъэхэм республикэр сыткІи хуэщІауэ ІущІэн щхьэкІэ зэфІагъэкІхэм. Джэшым зэрыжиІамкІэ, фокІадэм и 18 - 20-хэм къызэІуахынущ щІыналъэ хэхыпІэ участкэу 13, участкэ хэхакІуэ комиссэхэр щылэжьэну 355-рэ. ІэІэтым хэтыну Къэбэрдей-Балъкъэрым щатхахэм я бжыгъэр мелуан ныкъуэм щІегъу. Хэхыныгъэхэр хабзэм тету егъэкІуэкІыным я нэІэ трагъэтынущ Жылагъуэ палатэм зыми и унафэ щІэмыт и кІэлъыплъакІуэ 700-м щІигъумрэ аккредитацэ зрата журналистхэмрэ.

ЗэІущІэм кърихьэлІахэр апхуэдэуи хэплъэжащ парламентым и зэхуэсыгъуэ блэкІам хэтахэм зэфІагъэкІахэм. ХэхакІуэхэм я пащхьэ депутатхэм къалэну щаІэхэмрэ республикэм зегъэужьыным хуэгъэзауэ я мурадхэмри я гугъу ящІащ.

# Ехъуэхъуащ икIи яхуищIащ фIыщIэ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек яхуэзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и лэжьакIуэхэм.**

IУЭХУЩIАПIЭР къызэрызэрагъэпэщрэ мы гъэм илъэси 100 ирикъуащ. Кавказ Ищхъэрэм и еджапIэ нэхъыжьхэм ящыщщ институтыр. Нобэ абы щолажьэ щIэныгъэхэмкIэ доктору 20, щIэныгъэхэмкIэ кандидату 37-рэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэу 12.

«Институтым щрагъэкIуэкI щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэр хуэунэтIащ Урысейм, республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я тхыдэр, хабзэр, IуэрыIуатэр, щэнхабзэ щIэинэр хъумэным. Хьэкъщ тхыдэр нэпцIу къыщIегъэдзыным хуэунэтIауэ иджыпсту дунейм щекIуэкI Iуэху мыхъумыщIэхэм япэщIэту Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым къэралым и зэкъуэтыныгъэмрэ зыужьыныгъэмрэ хъумэным хуэунэтIауэ игъэзащIэ мыхьэнэм къызэрыхэхъуэн хуейр. Шэч къытесхьэркъым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым иригъэкIуэкI щIэныгъэ лэжьыгъэм сыт щыгъуи пэжыр и лъабжьэу зэрыщытынум», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

Республикэм и Iэтащхьэм ди щIэныгъэлIхэм фIыщIэ яхуищIащ лъэхъэнэ кIыхьым къриубыдэу ягъэзащIэ узэщIыныгъэ лэжьыгъэм папщIэ, институтым и лэжьакIуэ гупым ехъуэхъуащ адэкIи я зэфIэкIым хэхъуэну, Урысейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым яхуэщхьэпэн ехъулIэныгъэхэр яIэну.




# ЩIэныгъэм и гъуэгу нэхур

**Республикэм и махуэм дэщIыгъуу фокIадэм и 1-м ди щIыналъэм щагъэлъэпIащ ЩIэныгъэхэм я махуэри. Абы ипэ иту щыIа уэлбанэ мащIэми дунейр махуэшхуэм хуигъэхьэзыра хуэдэти, хьэуа къабзэр щытепщэ уэрамхэм дыгъэ бзий хуабэр къатепсэрэ дэрэжэгъуэр я нэгум къищу ди къалэхэмрэ къуажэхэмрэ я уэрамхэм къыдыхьат удз гъэгъа Iэрамэ дахэхэр зыIыгъ, совет зэманым зэрыщытам хуэдэу, зэщхьу екIуу хуэпа ныбжьыщIэхэр. Гъэмахуэ кIыхьым фIыуэ зызыгъэпсэхуа цIыкIухэр хуэпIащIэрт я школхэм щекIуэкIыну гуфIэгъуэ зэхыхьэхэм, псалъэмакъ щхьэпэ щекIуэкIыну япэ дерсхэм.**

ПСОМИ хуэдэжтэкъым махуэшхуэр нэхъыбэу зыхуэщIа сабийхэу япэ классым кIуэхэм яIэ гукъыдэжым и инагъыр. Апхуэдэхэм я бжыгъэр ди республикэм мы гъэм мин 11-м щыщIегъу. Псори зэхэту къапщтэмэ, республикэм и школ 268-м фокIадэм и 1-м екIуэлIэжащ школакIуэ мини 122-рэ. Къыхэдгъэщынщи, ди курыт еджапIэхэм ящыщу 250-м нэсым лэжьыгъэр пщэдджыжьыкIуэ защIэу къыщызэгъэпэщащ. Ар ди республикэм и унафэщIхэр илъэс куэд лъандэрэ зэлэжьа Iуэхугъуэм къырикIуа ехъулIэныгъэщ.

2026 - 2027 гъэ еджэгъуэщIэр зэраублэм хуэщIа а Iуэхугъуэхэр школакIуэхэм, егъэджакIуэхэм даIыгъыну, ЩIэныгъэхэм я махуэмкIэ ехъуэхъуну дэтхэнэ курыт еджапIэми яхуеблэгъащ хьэщIэ лъапIэхэр. Апхуэдэхэт КъБР-м и Iэтащхьэр, Парламентымрэ Правительствэмрэ я лIыкIуэхэр, район, къалэ, къуажэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэр, егъэджэныгъэмкIэ щIыпIэ IэнатIэхэм я унафэщIхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я пашэхэр, СВО-м, егъэджэныгъэм я ветеранхэр.

Апхуэдэу, ди щIыналъэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ и министерствэм и нэIэм щIэту лажьэ Республикэ гимназием (унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэр Щауэ Азэмэтщ) къыщызэрагъэпэща гуфIэгъуэ зэхуэсым. Ар гуапэу иджыри зэ ехъуэхъуащ школакIуэхэм, абыхэм я егъэджакIуэхэмрэ унэтIакIуэхэмрэ, гъэсакIуэхэмрэ адэ-анэхэмрэ. ШколакIуэхэм къызэрагъэпэща махуэшхуэ концертышхуэм, езанэ классым щIэтIысхьагъащIэхэм хуащI гулъытэ хэхамрэ я гъусэу, Iэтащхьэм и нэгу щIэкIащ «КъэкIуэнум и кхъухьлъатэ» акцэм гимназием и гъэсэнхэр жыджэру зэрыхэтыр. Къыхэдгъэщынщи, а урысейпсо Iуэхур курыт еджапIэхэр къызэрыщыхалъхьэр мы гъэм илъэс етхуанэ мэхъу. 11-нэ классыр къэзыух ныбжьыщIэхэм 1-нэ классым щIэтIысхьахэм тыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр хуащIри, тхылъымпIэ хужьым къыхащIыкIа кхъухьлъатэ цIыкIумкIи яхуоупсэ, сабий хъуэпсапIэм егугъуныгъэ щIыгъумэ, жыжьэ узэрынихьэсыфынум и нэщэнэу.

Къалащхьэм и еджапIэхэм хуэдэу, ди республикэм хыхьэ щIыналъэхэми зэпэщу щекIуэкIащ ЩIэныгъэхэм я махуэм ехьэлIа гуфIэгъуэ дауэдапщэхэр. Тэрч районым еджэным щыпэрыхьэжащ еджакIуэ 6500-м щIигъу. Абыхэм ящыщу 570-р езанэ классым щIэтIысхьа цIыкIухэщ. ЩIыналъэм и курыт школищым фокIадэм и 1-м я бжэхэр къызэIуахыжащ, щекIуэкIа ухуэныгъэ-зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэшхуэхэм иужькIэ. Апхуэдэхэщ Тэрч къалэм дэт курыт школ №1-р, Новая Балкарие жылэм дэт еджапIэмрэ «Мадинэ» сабий гъэсапIэмрэ.

Iуащхьэмахуэ районым щылажьэ курыт школ 13-м я бжэхэри лъэхъэнэщIэм къыхузэIуахыжащ фокIадэм и 1-м. Абыхэм щекIуэкIа гуфIэгъуэ зэхуэсхэм я хьэщIэу щытащ КъБР-м и Парламентым и депутат Соттаев Къурмэн, щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэ Отаров Мухъутар, абы и къуэдзэхэр. ШколакIуэхэм я гуфIэгъуэр ядэзыIэтахэм ящыщщ егъэджэныгъэмкIэ район IэнатIэм и пашэ Атакуевэ Нуржан, щIыналъэм и бзылъхугъэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Моллаевэ Заретэ, хабзэхъумэ IэнатIэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр. Школхэр хэтащ «КъэкIуэнум и кхъухьлъатэ» урысейпсо Iуэхум.

Аруан районым и курыт школхэм щекIуэкIа гуфIэгъуэ зэIущIэхэри купщIафIэу, гукъинэжу щытащ. ДэнэкIи хуэдэу, абыхэм зэхуэсхэр щаублащ УФ-м, КъБР-м я къэрал ныпхэр IэтынымкIэ, гимнхэр къеуэнымкIэ. ХьэщIэ лъапIэхэм ящыщащ КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Къалэбатэ Рустам, щIыпIэ унафэщIхэр, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэхэр.

Апхуэдэ гуфIэгъуэ зэIущIэ хьэлэмэтхэр щекIуэкIащ ди республикэм и щIыналъэ псоми, къалэхэм, жылэхэм. Май къалэм дэт курыт школ №5-м и къудамитIри гуфIэгъуэ щытыкIэм иту къызэIуахыжащ а махуэм. ЕджапIэщIэу узыIуплъэ а унэхэм я теплъэкIи, я зэхэтыкIэкIи ядэбгъуэн щыIэкъым. Абы хэтщ зэхыхьэ зэмылIэужьыгъуэхэр щрагъэкIуэкI пэшышхуэ, шхапIэ, спорт пэшхэр, мастерской зыбжанэ, нэгъуэщIхэри. Еджэным хуэзэша ныбжьыщIэхэр гуфIэрэ гушхуэу екIуэлIэжащ школыщIэм. МащIэкъым абыи ирашэлIар езанэ классым щIагъэтIысхьэнуи. Апхуэдэхэм я бжыгъэр 80-м нос.

Джэрпэджэж жылэм дэт курыт школу ныбжьыщIи 100-м тещIыхьари къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжащ ЩIэныгъэхэм я махуэм ирихьэлIэу. Мы гъэм абы и 1-нэ классым цIыкIуи 10 щIэтIысхьащ. 11-нэ классыр еджакIуи 4 мэхъу. Бозиев Хъусей зи унафэщI IуэхущIапIэм егъэджэныгъэгъэсэныгъэ лэжьыгъэфI зэрыщекIуэкIым шэч хэлъкъым: еджакIуэхэр мащIэми, егъэджакIуэфIхэмкIэ ирикъуу къызэгъэпэщащ школыр. НыбжьыщIэхэм Iэмал яIэщ ябгъэдэлъ щIэныгъэм, зэфIэкIым, зэчийм нэхъыфIыжу зрагъэужьыну.

Курыт школхэм щекIуэкIа зэхуэсхэм екIуэлIа хьэщIэ лъапIэхэр гуапэу ехъуэхъуащ къызэхуэса псоми. Абыхэм зэрыжаIамкIэ, еджапIэр жылагъуэм сыт щыгъуи мыхьэнэшхуэ щызиIэ IуэхущIапIэщ. ЩIэныгъэм хэплъхьэ мылъкури къэкIуэнум хуэбгъэтIылъ фIыгъуэщ, щIэныгъэ куумрэ зэхэщIыкI лъагэмрэ зи лъабжьэ лъэмыж быдэщ. Абы къегъэлъагъуэ къэралым къыдэкIуэтей щIэблэм я зэпэщыныгъэм, щIэныгъэм, гъэсэныгъэм гулъытэшхуэ зэрахуищIыр.

ЕджапIэхэм я унафэщIхэр кIэщIу къытеувыIащ зи пашэ IуэхущIапIэхэм яIэ ехъулIэныгъэхэм, къэкIуэнум хуаIэ къалэнхэмрэ мурадхэмрэ. А псоми иужькIэ утыкухэр хуит хуащIащ ныбжьыщIэхэм. ШколакIуэхэм ягъэзэщIащ щIэныгъэм, мамырыгъэм теухуа усэхэмрэ уэрэдхэмрэ. Ахэр екIуу зэфIэкIа нэужь, школхэм къыщрагъэуащ япэ уэзджынэр. А пщIэр, хабзэ зэрыхъуам тету, лъагъэсащ 11-нэ классым и еджакIуэфIхэмрэ 1-нэ классым щIэтIысхьагъащIэхэм ящыщ сабийхэмрэ. Уэзджынэм и зу макъым псори иригъэблэгъащ гъэ еджэгъуэщIэм и япэ дерсым, мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэхэм щытепсэлъыхьым.

Апхуэдэу Iэтауэ ди республикэм щекIуэкIащ ЩIэныгъэхэм я махуэр. Еджэныгъэм хыхьэжахэми, еджапIэхэм я бжэхэр япэу къызэIузыхахэми, абыхэм я еджакIуэхэми, адэ-анэхэми - псоми ди гуапэу дохъуэхъу лъэхъэнэщIэр угъурлы яхуэхъуну. Дунейр мамыру, ехъулIэныгъэщIэхэр диIэу, щIэныгъэм и нэхум лъагапIэщIэхэм дыхуишэу етIанэгъэ пIалъэ дынэсыну.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ,**
*«Адыгэ псалъэ» газетым егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и къудамэм и унафэщI.*



# ПсэукIэр нэхъ тынш ящIу

Урысей щэнхабзэр гъэунэхуныгъэ гугъу итщ мы зэманым, ди лъапIэныгъэхэм къобгъэрыкIуэ, ауан ящI, зэрахъуэкIыну хэтщ. Ауэ ар цивилизацэшхуэм и лъабжьэ щэнхабзэщ. Дэ ди къалэныр ди къэралым и щэнхабзэр тхъумэнырщ, зедгъэужьынырщ, ар къэкIуэну щIэблэхэм я деж нэтхьэсынырщ. Щэнхабзэм и IэнатIэм хуэгъэпса грант тыкIэр егъэфIэкIуэн хуейуэ къыдолъытэ, фIагъ зимыIэ е творческэ проект мыщхьэпэхэм мылъку щыхухах къэмыгъэхъун мурадкIэ, Урысейм и къалэ цIыкIухэм я лъахэхутэ музейхэм папщIэ къэрал грантхэр тыныр яхузэфIэкIын щхьэкIэ. Урысейм и цIыху псори пщIэншэу музейхэм кIуэну щыхуит махуэ хэха мазэ къэс щыIэн хуейщ, урысей провинцэм и щэнхабзэр нэхъ псынщIэу къэгъэщIэрэщIэжыным дрителъхьэщ. Къэрал къулыкъущIэхэм я лэжьакIуэхэм социальнэу зэрызыщIагъакъуэм хуэдэ щэнхабзэ IэнатIэм пэрытхэми къахузэгъэпэщыпхъэщ.

Партыр щIэбэнынущ уасэхэм къэралыр кIэлъыплъыныр унафэкIэ щIэгъэбыдэным. Партым Къэрал Думэм щиIэ фракцэм къыхилъхьэнущ упсэун папщIэ Iэмал имыIэу узыхуей ерыскъымрэ хьэпшыпхэмрэ я уасэр сытым дежи пыухыкIауэ щытын зэрыхуейм теухуа законым и проект. IуэхущIапIэ цIыкIухэмрэ курытхэмрэ я сату-производственнэ лэжьыгъэм техуэ налогхэр гъэмэщIэным еухуа законыр къащтэным дыхущIэкъунущ.

Партым и фракцэу Къэрал Думэм щыIэм законым и проект игъэхьэзырынущ ПсэупIэ-коммунальнэ IэнатIэм и къудамэ псори щIыгъуу къэрал, муниципальнэ мылъкум къыхэгъэхьэжыным теухуауэ. Абы щIат уасэм и процент 20-м нэхърэ мынэхъ мащIэр коммунальнэ сетхэр зэхъуэкIыным, зэгъэпэщыжыным, егъэфIэкIуэным хуагъакIуэу зэтеублэн хуейщ. Унагъуэм и хэхъуэм щыщу ЖКУ-м щIат уасэр процент 15-м щIимыгъуу щытыным хабзэкIэ дыщIэбэнынущ.

Партым Къэрал Думэм щиIэ фракцэм къыхилъхьэнущ лэжьапщIэ нэхъ мащIэ дыдэр (МРОТ) упсэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу узыхуейм нэхърэ мынэхъ мащIэу гъэувыным теухуа законопроект. Дэ иужь дитынущ МРОТ-мрэ упсэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу узыхуей ахъшэмрэ цIыхухэм зыхуей-зыхуэныкъуэхэр къызэращэхуф мардэм нэс къэIэтыным, социальнэ и лъэныкъуэкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ IэщIагъэхэм пэрытхэм, дохутырхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ ейхэми къэрал къулыкъущIэхэм я улахуэм нэсу хэгъэхъуэным теухуа законыр къэщтэным.

Пенсэм зыгъэпсэхугъуэ зэпэщрэ гъащIэ тыншрэ къызеригъэпэщын хуейщ, бэлыхь ухимыгъэту. Къэралым и бюджетым занщIэу къыхэкI пенсэ убзыхуа щыIэн хуейщ, IуэхугъуиплIым ятещIыхьауэ: стаж, улахуэ, IэнатIэм и гугъуагъ, къиихьа фIыщIэ. Дэ къэтIэтыжыну дыхуейщ 2016 гъэм къыщыщIэдзауэ 2024 гъэ пщIондэ Лажьэ пенсионерхэм я пенсэхэр индексацэ щIыныр къыщызэтрагъэувыIа пIалъэр, ахэр зэфIэгъэувэжыпхъэщ; пенсионерхэм илъэс къэс дыгъэгъазэм 13-нэ пенсэ лей етыным теухуа законыр къэтщтэнущ; пенсэм щагъакIуэ ныбжь хэхам къедгъэгъэзэжынущ: цIыхубзхэр - илъэс 55-м, цIыхухъухэр - илъэс 60-м. Пенсэ нэхъ мащIэ дыдэр цIыхум улахуэу къиихьу щытам и процент 50-м нэхърэ мынэхъ мащIэу, упсэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу узыхуей ахъшэм хуэдиз хъууэ щытын хуейщ, ар сом мин 60 нэхърэ нэхъ мащIэн хуейкъым.

«Захуагъэ здэщыIэ Урысей» партым и фракцэр иужь итынущ узыншагъэр хъумэн IэнатIэм текIуадэ мылъкур къэрал бюджетым занщIэу къыхэкIыу зэтеублэным теухуа законыр къащтэным, роддомхэр зэхуащIыжыну зэрыхуимытым теухуа законопроект къыхилъхьэнущ. Дохутырхэм я улахуэхэм щIыналъэм ику иту щатым и процент 200-кIэ, фельдшерхэмрэ медсестрахэмрэ проценти 100-кIэ яхухэгъэхъуэн хуейщ. Узыншагъэр хъумэнымкIэ къэрал системэм щылажьэ дохутырхэм къэрал къулыкъущIэхэм я социальнэ шэсыпIэхэм хуэдэ яIапхъэщ.

Медицинэр зэрыщыту къапщтэмэ, дэIэпыкъуныгъэр цIыхухэм тыншу яIэрыхьэн хуейщ. УФ-м и Къэрал Думэм щыIэ «Захуагъэ здэщыIэ Урысей» фракцэм и унафэщI Миронов Сергей медицинэ IэмэпсымэхэрАнзорей къуажэм дэт район зэхуаку сымаджэщым къызэрыхуригъэшар Къэбэрдей-Балъкъэрым дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэ хъуащ. Ди пашэр абы тIэунейрэ къэкIуауэ щытащ. Зи гугъу тщIы Iэмэпсымэхэр сымаджэщым зышар партым и щIыналъэ къудамэу КъБР-м щыIэм и Советым и унафэщI Кебеков Владимирщ.

Дэтхэнэ зы цIыхури зыгъэпIейтей Iуэхугъуэщ хущхъуэхэр зэрылъапIэр. Партыр хущIэкъунущ абыхэм я уасэм зэрыхэхъуэр хабзэкIэ къызэтригъэувыIэным, хущхъуэ псоми я уасэхэр мардэм изагъэу ягъэувыным; сымаджэхэм я гъащIэр зэлъыта хущхъуэхэм трагъэкIуадэ ахъшэр унагъуэм и хэхъуэм и проценти 10-м щIимыгъуу хабзэкIэ щIэгъэбыдэным, абы щIигъур къэралым щхьэщитыкIыну. Къэралым медицинэ щIэныгъэр пщIэншэу щызэбгъэгъуэтыфын хуейщ.

# Пщэдейр нобэ яубзыху

Нобэ ди фIэщ ящIыну хэтщ псэукIэфI диIэу. Дэнэ щIыпIи зыужьыныгъэ щекIуэкIрэ гугъуехь лъэпкъ щымыIэу. «Оптимизацэм» и гугъу къытхуащI, ауэ ди нэгу щIэкIыр еджапIэхэмрэ сымаджэщхэмрэ зэрызэхуащIыжырщ. КъытIэрыхьэм «хагъэхъуэну» дыкъагъэгугъэ, ипэжыпIэкIэ уасэхэмрэ тарифхэмрэщ зыхэхъуэр...

«Ирикъунщ», - жеIэ ЛДПР-м! Игъуэ хъуащ цIыхубэм девгъэкIуэкI джэгукIэ тIуащIэр зэхуэфщIыжыну. ЛДПР-р хэхыныгъэхэм хэтынущ, дэтхэнэ цIыхуми и гъащIэм зэхъуэкIыныгъэхэр игъуэтыным и телъхьэу! Ди программэр зытещIыхьар цIыхумрэ унагъуэмрэщ. Япэ дыдэу дэ къыдогъэув мигрантхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ ират къэрал дэIэпыкъуныгъэр къызэтевгъэувыIэну, а ахъшэр ди бынхэм, студентхэм, адэ е анэ закъуэхэм, зи ныбжь хэкIуэтахэм ефтыну. Ди еплъыкIэр къызэрыгуэкIщ икIи захуэщ: япэщIыкIэ - ууейхэм, иужькIэ - адрейхэм защIэгъэкъуэныр. Ди къэралым и хьэрычэтыщIэхэм защIэдгъэкъуэн, индустриализацэ зэтедублэн хуейуэ къыдогъэув. Налогхэр щIыналъэхэм, ахэр къыщалэжьам, къинэн хуейщ. Ар хэгъэгухэм заужьынымкIэ Iэмал хъарзынэщ.

Ди щIэныгъэр гужьеигъуэ зыщIа ЕГЭ-мрэ ОГЭ-мрэ зэрыщыту гъэкIуэдыжыным тыдогъэчыныхь. Къэралым щIэныгъэ зыужьыныгъэ къыхузэзыгъэпэщыфын Ломоносовхэмрэ Кулибинхэмрэ диIэжщ. Ди сабийхэр тэмэму еджэну Iэмал етын хуейуэ аращ. ИкIи, дауи, ди еджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ курыт IэщIагъэ щрагъэгъуэтхэмрэ къэзыухахэр лэжьапIэ гъэувынымкIэ япэ игъэщыпхъэщ, IэщIагъэлI «кърагъэблагъэхэм» нэхърэ. Пенсионерхэм папщIэ къэрал программэщIэ къыхыдолъхьэ, ахэр щыпсэу щIыналъэм емылъытауэ зэхуэдэ Iэмалхэр къызэригъэпэщын хуэдэу. Пенсэ ахъшэр тэмэму псэуным хурикъун хуейщ, армыхъумэ, имыгъэмэжэлIэн къудейуэ щытын хуейкъым. Зи ныбжь хэкIуэтахэр хэдэн хуейкъым - хущхъуэ хьэмрэ ерыскъы жаIэу. ПсэупIэ-коммунальнэ IэнатIэр къэралым и нэIэм щIэтыпхъэщ! УнафэщI компание напэншэхэм дыгъуэныр щагъэтынымкIэ Iэмал нэхъ ткIий дыдэхэр къахузэгъэпэщыпхъэщ. ЦIыхухэм уасэ зыщIатын хуейр арэзы къэзыщI Iуэхутхьэбзэхэрщ. Дэ къыхыдолъхьэ цIыхубэ ипотекэр проценти 3 нэхърэ нэхъыбэ темыхуэу ятыну, гъуэгухэр, псыр, электрокъарур зэкIуалIэ щIы кIапэхэр пщIэншэу яттыну. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, унагъуэхэм ди щIыналъэм унэхэр щаухуэфын хуейщ, армыхъумэ, игъащIэ псокIэ, илъэс пщIы бжыгъэкIэ псэупIэм бэджэнд уасэ щIатын е финанс пщылIыпIэм ихуэн хуейкъым.

Дауи, нобэ мамырыгъэр къызэдгъэпэщыну дыхуейщ, ди жыпхъэхэр къэлъытауэ. Украинэм нацист режимыр щыгъэкIуэдын, ди цIыхухэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщын хуейщ. Дэ СВО-м икIэщIыпIэкIэ ТекIуэныгъэ къыщытхьыным тыдогъэщIэ. НобэкIэ дытегушхуэу унафэ ткIий къэдмыщтэмэ, пщэдей кIасэ хъунущ. Къэралыр тфIэкIуэдынущ. Псоми ди зэхуэдэ къэкIуэнур тфIэкIуэдынщ. Нобэ ЛДПР-м и пщэ делъхьэж Урысейм и къэкIуэнур. Дэ мурад диIэщ, лэжьэн гуп диIэщ, къару диIэщ.










*«Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и депутатхэр хэхыным и IуэхукIэ» 2014 гъэм мазаем и 22-м къыдэкIа Федеральнэ закон №20-ФЗ-м ипкъ иткIэ пщIэншэу тыдодзэ.*




## ШэсыпIэщ нэхъыжьхэм я зэфIэкIымрэ Iущагъымрэ

«Социальнэ захуагъэм и телъхьэ Пенсионерхэм я урысей парт» политикэ партым и щIыналъэ къудамэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыщызэрагъэпэщащ 2022 гъэм и бадзэуэгъуэ мазэм.

Дэ, Пенсионерхэм я партыр - ди къэралым дрихэкупсэщ. Ди щIэныгъэмрэ зэфIэкIымрэ къэдгъэсэбэпыну дэ дыхьэзырщ, ди къару къызэрихькIэ, урысей экономикэм, егъэджэныгъэм, щIэныгъэм, щэнхабзэм зегъэужьыным, цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным, щIэблэщIэр гъэсэным папщIэ сэбэп дыхъуну. Нэхъыщхьэращи, дэ а псоми дазэрыпэлъэщынур дощIэ.

Ди мурадыр - цIыхухэм я гъащIэр псынщIэу икIи нэрылъагъуу егъэфIэкIуэныр, дызыхуэкIуэ илъэсипщIхэм Урысейм дунейпсо утыкум хуэфащэ увыпIэ щегъэгъуэтыныр зэлъыта хэкIыпIэ пыухыкIахэр гъэбелджылыныр щ.

Социальнэ Iуэхухэм хуэунэтIа парту дыщытщи, къыхыдолъхьэ цIыхухэм псэукIэ и лъэныкъуэкIэ зэрадэIэпыкъупхъэ Iэмалхэр, ар зыхуэгъэзахэм нэхъри зедгъэубгъукIэрэ.

Пенсионерхэм я партым и къалэн нэхъыщхьэр нэхъыжьхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнырщ, абыхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнырщ. Дэ къыхыдолъхьэ пенсэхэм я инагъымрэ лэжьапщIэ нэхъ мащIэ дыдэмрэ псом япэ хэгъэхъуэн хуейуэ. Хьэкъыу ди фIэщ мэхъу нобэ ар къызэрабж Iэмалыщ Iэхэр къэгупсысын зэрыхуейр, ар зытещIыхьауэ щытыпхъэр бюджет ахъшэр зэгъэзэхуэныркъым, атIэ цIыхур зэпэщу псэун папщIэ зрикъу ахъшэ къыIэрыхьэнырщ.

Пенсионерхэм я партыр и телъхьэщ къэралыр лъэщу, зэпIэзэрыту, хабзэр щылажьэу, къалэнхэр купщIафIэу щагъэзащIэу, социальнэ Iуэхухэр япэ ирагъэщу щытыным.

Дэ дыхущIокъу иджырей урысей жылагъуэр цIыхугъэ, захуагъэ зезыхьэ, зэкъуэт, хэкупсэ зэрытщIыным.

А мурадхэр зэгъэхъулIэныр лIакъуэ псоми я зэхуэдэ къалэнщ!

Нэхъыжьхэм я зэфIэкIымрэ Iущагъымрэ дэтхэнэми и къэкIуэн дахэм и шэсыпIэщ!

## «Урысей зэкъуэтым» зыхуигъэувыж къалэнхэр

«Урысей зэкъуэт» партым и лъэпкъ программэр лэжьыгъэшхуэ зытекIуэда дэфтэрщ. УФ-м и Президентым къэралым къыпэщылъ къалэну къилъытэхэмрэ абы къыхихыпхъэ унэтIыныгъэу игъэувхэмрэ тохуэ партым и Программэр лъабжьэ зыхуэхъуа дэфтэрыр.

Ар зэхагъэуващ цIыхухэм зыхуагъазэурэ, абы къыхэкIыу, жылагъуэр зыщIэупщIэ жэуапхэр къыщыгъэлъэгъуащ. Партым и тегъэщIапIэ нэхъыщхьэхэщ: нэфI-ней земыхьэныр, зэманым декIуныр, пэжыгъэм тетыныр, абы къикIращи, Партыр шэсыпIэ йоувэ зыхуигъэувыжа къалэнхэр зэригъэзэщIэнумкIэ.

Программэм и зэхэлъыкIэр Iыхьиблу зэхэтщ: демографиер, щIыналъэхэм я зыужьыныгъэр, экономикэр, технологиещIэхэр, Урысейм щэнхабзэрэ псэкупсэ лъапIэныгъэ и лъэныкъуэкIэ иIэ щытыкIэ къызэрымыкIуэр хъумэныр, къэралым и шынагъуэншагъыр.

Партыр дяпэкIи елIэлIэнущ унагъуэмрэ щIэблэм я бжыгъэм хэгъэхъуэнымрэ.

ЗылъэIэсыпхъэ къалэнхэм язщ МРОТ-м хэгъэхъуэнымрэ дзэ Iуэху хэхам къикIыжа ветеранхэр мамыр гъащIэм хэгъэзэгъэжынымрэ. Лэжьыгъэм къыпыкI фейдэр нэхъыбэ щIыным, технологие лъагэхэр къыщагъэщхьэпэ IэнатIэхэм папщIэ IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырыным гулъытэ хэха хуащIынущ.

Программэр хуэунэтIащ щIыналъэхэм я зыужьыныгъэр зэхуэмыдэу зэрыщытыр гъэзэкIуэным - цIыхубэр зыщIэупщIэ Iуэхугъуэхэм мы Iуэхур щыпэрытщ.

Япэ ирагъэщынухэм хохьэ экономикэм, мэкъумэшым, промышленностым я зыужьыныгъэр. Гъавэу кърахьэлIэмрэ абы хуагъэув уасэхэмрэ зэхуэгъэкIуэным Iыхьэ щхьэхуэ щеубыд Программэм. КъинэмыщIауэ, хьэрычэтыщIэхэм защIэгъэкъуэным, къэралыбэ сатум зегъэужьыным, логистикэр егъэфIэкIуэным, щIэныгъэмрэ технологиехэмрэ я лъэныкъуэкIэ къэралыр пэрыт щIыжыным, авиацэм, энергетикэм, Iэмэпсымэ къыщIэгъэкIыным зегъэужьыным яхуэунэтIа къалэнхэр зыхуагъэувыж.

Программэм япэу хагъэуващ IуэхущIапIэхэм роботхэр къызэрыщагъэщхьэпэным, лэжьыгъэм и Iыхьэр автоматизацэм хуэгъэкIуэным, къэухь IэрыщIыр къэгъэсэбэпыным, щхьэхуэу лажьэ транспорт системэхэм зегъэубгъуным теухуа Iыхьэ.

Тхыдэр ящымыгъэгъупщэжыным, Хэкум и щэнхабзэм и хъугъуэфIыгъуэхэм лъэIэсу щытыным гулъытэ щхьэхуэ хуещI Программэм. Партым щIалэгъуалэм зиужьыну икIи щIэныгъэ зригъэгъуэтыну Iэмал езыт хэкIыпIэхэр къызэригъэпэщкIэрэ лъэIэсыну и мурадщ а плъапIэм. Къалэн щхьэхуэщ Иджырей ЛIыхъужьым и образыр зэфIэгъэувэныр: дзэ Iуэху хэхам хэтхэр, щэнхабзэм, щIэныгъэм, егъэджэныгъэм къыхэщ цIыху щэджащэхэр, ветеранхэр, Лэжьыгъэм и ЛIыхъужьхэр псоми егъэцIыхуныр.

Ебланэ къалэн пэрыту Партым зыхуегъэувыж «Ди ТекIуэныгъэр» унэтIыныгъэр. Ар Iыхьищу зэхэтщ: къэралым и дзэ-промышленнэ комплексым зегъэужьынымрэ Iэщэхэм епха Iуэхугъуэхэмрэ, «Урыс мамырыгъэ» унэтIыныгъэм зегъэужьыныр икIи щIэгъэбыдэныр, къэрал псоми я лъэпкъ гукъыдэжыр зи лъабжьэ, зым адрейм пщIэ щыхищI, лъабжьэ быдэ зиIэ, захуагъэм тет дуней ухуэным хущIэкъуныр.












*«Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и депутатхэр хэхыным и IуэхукIэ» 2014 гъэм мазаем и 22-м къыдэкIа Федеральнэ закон №20-ФЗ-м ипкъ иткIэ пщIэншэу тыдодзэ.*

● Терроризмэм ебэнхэм я зэкъуэтыныгъэм нобэ и махуэщ

# Тщыгъупщэ хъунукъым

**ФокIадэм и 3-р ди къэралым дежкIэ цIыхур щыму щыгупсысэ махуэщ. Дигу къыдогъэкIыж Беслъэн къыщыхъуауэ щыта гузэвэгъуэр, цIыху мелуан бжыгъэм игъащIэкIэ ящымыгъупщэну я гум къинар.**

ТЕРРОРИЗМЭМ гущIэгъу ищIэркъым. Ар нэхъ лъапIэ дыдэр - цIыхум и гъащIэр - къызэпызыуд шынагъуэщ. 2004 гъэм и фокIадэ махуэхэм лажьэ зимыIэ сабий куэд апхуэдэ щIэпхъаджагъэм зэрыхэкIуэдар къыбгурыIуэныр нэхъ гущIыхьэжщ. Балигъыу 330-рэ зи хъуэпсапIэхэр напIэзыпIэм зэпыуда ныбжьыщIи 186-рэ абы щыгъуэм я унэм екIуэлIэжакъым, илъэс никъуэ фIэкIа мыхъуа сабии яхэтт абыхэм.

Къэрал псом щыгъуэ пэкIухэр щокIуэкI, терроризмэм и зэран зэкIа цIыхухэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ яхуэгъэза псалъэхэр къоIу мы махуэм. «Терроризмэм ебэнхэм я зэкъуэтыныгъэм и махуэм» и фIэщыгъэм хэт «зэкъуэтыныгъэ» псалъэм къыхегъэщ жылагъуэмрэ къэралымрэ псоми я зэхуэдэ шынагъуэм зэрыпэщIэтыр. Фэеплъ махуэр терроризмэм пэщIэтынымкIэ къэралымрэ жылагъуэмрэ я зэкъуэтыныгъэм и дамыгъэ хъуащ. Къэрал унафэщIхэр, хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр, цIыху къызэрыгуэкIхэр а махуэм зэкъуэту къоув, терроризм гупсысэм пэщIэтыну.

Мы махуэм и мурад нэхъыщхьэхэм ящыщщ хэкIуэдахэм - цIыху мамырхэм я мызакъуэу, теракттхэр къызэтрагъэувыIэу зи псэр зыта хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэми - я фэеплъым пщIэ хуащIыныр. Фэеплъ къалэным нэмыщI, гъэсэныгъэ мыхьэнэшхуи абы зэрехьэ. Щыгъуэ Iуэхугъуэхэм жылагъуэм ягу къагъэкIыж апхуэдэ шынагъуэм пэщIэтыфын папщIэ сакъын, зэкъуэтын зэрыхуейр. Лъэпкъ, дин зэгурыIуэныгъэр гъэбыдэным, шыIэныгъэмрэ пщIэ зэхуэщIынымрэ ди хьэл-щэн нэхъыщхьэу зыхэтлъхьэным дыкъыхураджэ.

Къыхэгъэщыпхъэщ, терроризмэм ебэныныр ди къэралым и мызакъуэу, дуней псом я Iуэхуи зэрыщытыр. Псалъэм папщIэ, 2018 гъэм ООН-м шыщхьэуIум и 21-р Терроризмэм хэкIуэдахэм я фэеплъымрэ щыгъуэ зэхыхьэхэмрэ я дунейпсо махуэу игъэувауэ щытащ. Ауэ Урысейм фокIадэм и 3-р зыхухэхар зихуэдэ щымыIэщ, ар къызыхэкIар Хэкум къыщыхъуа гузэвэгъуэрщ икIи террорым пэщIэтынымкIэ зэфIигъэкIахэм тещIыхьащ.

Нобэ къэралым и щIыналъэ псоми гулъытэшхуэ щыхуащI щIалэгъуалэм ядэлэжьэным. Курыт школ, колледж, еджапIэ нэхъыщхьэ куэдым фокIадэм и 3-м щрагъэкIуэкI терроризмэмрэ абы и шынагъуагъэмрэ зэрыпэщIэтыпхъэ Iэмалхэм ятеухуа дерсхэр. ЕджакIуэхэм хуаIуэтэж Беслъэн къыщыхъуа гузэвэгъуэри нэгъуэщI теракттхэри. Апхуэдэуи гузэвэгъуэ къыщыхъум деж ящIапхъэм хагъэгъуазэу шынагъуэншагъэм яхутопсэлъыхь. ЩIалэгъуалэм яхуэзэну кърагъэблагъэ МЧС-м, хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэр, дзэ Iуэхухэм я ветеранхэр, психологхэр - ахэр я гъэунэхуныгъэхэмкIэ абыхэм къадогуашэ, сакъыным, зыр адрейм дэIэпыкъужыным къыхураджэ.

БлэкIам и дерсхэр тщыгъупщэну дыхуиткъым. Абыхэм я гугъу тщIын хуейщ, апхуэдэ гузэвэгъуэхэр зэи къэмыхъужын папщIэ. Фэеплъ махуэм аргуэру зэ дрегъэгупсыс ди дунейр дызэригугъэм хуэдэу зэрымыбыдэм, сыт хуэдэ щытыкIэм дихуами, цIыхуу дыкъызэтенэн зэрыхуейм.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

## Дунейм щыхъыбархэр

### ПIалъэ кIыхьым тещIыхьа мамырыгъэ

**УФ-м и Президент Путин Владимир хэтащ ШОС-м и саммитым. Зэхыхьэ нэужьым екIуэкIа пресс-конференцым къэралым и УнафэщIыр щытепсэлъыхьащ украинэ зэныкъуэкъум теухуауэ щыIэ щытыкIэм.**

УФ-м и Президентым жиIащ Киев Урысейм и «уафэр зэхуищIыну» игъэIу хъыбархэр игъэзэщIэну иужь ихьэмэ, Москва абы иритыну жэуап къызэригъуэтынур, апхуэдэ псалъэмакъхэр къэрал терроризмэм зэрыхуэкIуэр.

Путин Владимир ягу къигъэкIыжащ нэхъапэIуэкIэ бийм урысей экономикэм и лъабжьэр къигъэтIэсхъэну зэримурадыр хэIущIыIу зэрищIар, мэкъуауэгъуэм къыщыщIэдзауэ Киев кхъухьищэм нэблагъэ зэрызэтрикъутар, хыдзэлIхэр зэрыхэкIуэдар. Абы щыгъуэми Урысейм и удыныр зыхуэгъэпсар Украинэм Iэщэр хуэзышэ кхъухьхэрт.

Къэралым и Iэтащхьэм къыхигъэщащ зэпсэлъэныгъэхэр ирагъэжьэжыну Киев къызэригъэувыр, щхьэзакъуэ зэIущIэхэм зэрыщIэлъэIур. «Террористхэм зэпсэлъэныгъэхэр драгъэкIуэкIыркъым, - жиIащ Путин Владимир. - Дэ зауэр зэман гуэркIэ дгъэувыIэныркъым дызыхущIэкъур, Урысейр пIалъэ кIыхьым тещIыхьа мамырыгъэщ зыхуейр - Украинэми Европэми папщIэ. Апхуэдэ зэпсэлъэныгъэхэм хэтыну псоми дахуэзэну дыхьэзырщ.

### Iэмалхэр нэхъыбэ хъуащ

**Урысейм и премьер-министр Мишустин Михаил лэжьыгъэ IуэхукIэ хуэзащ «Росздравнадзор»-м и унафэщI Самойловэ Аннэ.**

«Ди IэнатIэр кIэлъоплъ хущхъуэхэм я фIагъым, я шынагъуэншагъэм, ахэр цIыхухэм тыншу зыIэрагъэхьэфу зэрыщытым, апхуэдэу узыншагъэр хъумэнымкIэ IуэхущIапIэхэм медицинэ дэIэпыкъуныгъэхэр хабзэм тету цIыхухэм зэрыратыным. Лабораторэхэм я лэжьыгъэм зэрызиубгъум и фIыгъэкIэ хущхъуэхэм я фIагъыр къэтпщытэныр куэдкIэ нэхъ тынш хъуащ. 2020 гъэм щегъэжьауэ абыхэм дамыгъэ щхьэхуэхэр традзэ зэрыхъуам и фIыгъэкIэ хущхъуэ нэпцIу зэрагъэкIуэкIыр хэпщIыкIыу нэхъ мащIэ хъуащ», - жиIащ Самойловэ Аннэ.

Апхуэдэу щэхуакIуэм «Дамыгъэ пэж» мобильнэ гуэдзэнымкIэ псынщIэу къыхуэщIэнущ хущхъуэр зыхуэдэр, уеблэмэ ар къыщIэзыгъэкIам деж щегъэжьауэ щащэнкIэ хъуну аптекэхэм деж щиухыжу.

«Къэралам щащI хущхъуэхэр нэхъыбэ зэрыхъуар хъарзынэщ, - жиIащ Мишустин Михаил. - Ауэ мыхьэнэшхуэ иIэщ ахэр и чэзум цIыхухэм яIэрыхьэным. Къэралым и щIыпIэ пхыдзахэми хущхъуэхэр щызэпэубыдауэ щытын хуейкъым, а Iуэхур тэмэму зэтеублэнми гулъытэ хуэщIыпхъэщ».

**ФокIадэм и 3**, *махуэку*

♦**Терроризмэм ебэнхэм я зэкъуэтыныгъэм и махуэщ**
♦**Беслъэн къалэм къыщыхъуа терактым хэкIуэдахэм я фэеплъ махуэщ**
♦**1612 гъэм** Пожарский Дмитрийрэ адыгэпщ Черкасский Къанщауэрэ польшэдзэм текIуащ.
♦**1932 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, КъБАССР-м и Министрхэм я Советым и УнафэщIу щыта **Дохъущокъуэ Мусэ**.
♦**1934 гъэм** къалъхуащ УФ-ми КъБР-ми щIыхь зиIэ я егъэджакIуэ **Гугъуэт Лол**.
♦**1936 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI, скульптор **БжэIумых Хьид**.
♦**1964 гъэм** къалъхуащ литературэдж, тхакIуэ, КъБКъУ-м и доцент **Абазэ Албэч**.

<u>**Дунейм и щытыкIэнур**</u>

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 27-рэ, жэщым градус 16 - 18 щыхъунущ.

**ФокIадэм и 4**, *мэрем*

♦**Тхэквондом и дунейпсо махуэщ**
♦**Урысейм и ядернэ шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымкIэ IэщIагъэлIым и махуэщ**
♦**1922 гъэм** къалъхуащ Хэку зауэшхуэм хахуэу хэта шэрджэс еджагъэшхуэ, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор **Нэпсо Долэт**.
♦**1967 гъэм** къалъхуащ журналист, публицист, тхакIуэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент **Чэрим Мариannэ**.

<u>**Дунейм и щытыкIэнур**</u>

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 27 - 28-рэ, жэщым градус 16 - 18 щыхъунущ.

<u>***Къытхэхъуащ***</u>

*Дыгъуасэ* Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщалъхуащ сабий 18. Абыхэм ящыщу 12-р хъыджэбз цIыкIущ, 6-р щIалэщ.

*ФокIадэм* зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 40. Илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ - 5945-рэ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Гуащэм и хабзэр нысэм и бзыпхъэщ.**




● Гъэмахуэ хъупIэхэм

# Къытедгъэзарэт жытIэу дыкъокIуэж

*Зэрыфщ1эщи, «Адыгэ псалъэ» газетым щIэх-щIэхыурэ дыщытопсэлъыхь республикэм и гъэмахуэ хъупIэхэм щылажьэхэм я Iуэху зытетым. Ар ди плъапIэу, къуршылъэ щIыпIэхэм, абыхэм я зэхуаку дэт бгыщхьэ тафэхэм ит Iэщыхъуэхэм я деж къытедгъэзэжурэ докIуэ.*

*И нэхъыбэм абыкIэ дэIэпыкъуэгъу къытхуэхъур Къэбэрдей-Балъкъэрым щIы Iуэхухэмрэ мылъку зэхущытыкIэхэмкIэ и министрым и чэнджэщэгъу Иуан Аскэрбийщ.*

*Ди къыкIэлъыкIуэ зекIуэхэм ящыщ зым абырэ сэрэ нэмыщI, къыддыхэтащ «Нарзанхэм я тIуащIэ» («Долина Нарзанов», «Чэтмэс лъэгу») тэхъуанэм ит егъэзыпIэм Iэщ дохутыру щылажьэ Щокъарэ Резуанрэ зыпэрыт лэжьыгъэм зыкъыдигъахуэу журналистикэми зыхэзыгъэгъуазэ Къуэжакъ (Мацыхъу) Мариерэ.*

*«Нарзанхэм я къуэкIий» жыхуаIэ щIыпIэм дыфIэкIри, Балъкъ и псыхъуащхьэхэмкIэ дэдгъэзеящ. ИжьымкIэ зыкъыщызэкъуэзыха лъагапIэхэм дащхьэщыхьа хуэдэу къытщыхъуами, сэмэгумкIэ дызыхуеплъыхь къуэладжэр зэрыкуууущэм дитхьэкъуауэ дыздэжэм, гъуэгум ибгъумкIэ къыщыкI удзыр зыхъуу ит жэмхэр щыслъагъум згъэщIэгъуащ, «мыхэр мыпхуэдизу гъунэгъуу къэкIуэта пэтми, автомашинэхэм къапэщIэзымыгъэхьэр сыт?» жыхуэсIэу, си гъусэхэм а упщIэмкIи захуэзгъэзащ.*

*«Iэщыр зейхэм ток мащIэ зэрырагъакIуэ, «электроIэхъуэ» жыхуаIэ кIапсэр и кIыхьагъкIэ яукъуэдиящи, аращ мыхэр гъуэгум къытезымыгъэхьэр» къызатыжащ жэуап.*

*Ауэрэ, щIыпIэ дахэкIейхэр къызэднэкIыурэ, Балъкъ къуршыпс уэрыр здешкIурэх сэмэгу лъэныкъуэмкIэ хуэгъэзыхыгъуэу къыщылъэгъуа ухуэныгъэ зытIущымкIэ дыдодзых. Гъуэгу бгъунжыр нэшэкъашэу ебгъунлъэкIми, и щхьэфэр гъущалъэрэ мывалъэу зэрыщытым къыхэкIыу, Аскэрбий и машинэ быдэмкIэ, дызэригъэпIейтея щIагъуэ щымыIэу, дынегъэс ухуэныгъэ телъыджэу дызыIуплъам.*

*Абдежым дызыщыIущIа щIалитIым, фIэхъус къыдаха иужь, дызыщIаша унэм и теплъэри хуабжьу дгъэщIэгъуащ, «вакъэ плъыгъыу дауэ уззрыщIыхьэнур?» хужыпIэнри зыхуэIуа щымыIэу, апхуэдизу къабзэт икIи зэлъыIухат и кIуэцIри. Блынджабэм алърыбгъу фIэдзащ, телевизорышхуэ кIэрыгъэбыдыхьащ, лъэныкъуэ псомкIи и къещIэкIыкIэр иджырей мардэхэм хуэкIуэу.*

*Щыгъуазэ фыхуэтщIынщ дызыIущIа щIалитIым я нэхъыжь ХЪУРАН Аскэр дедгъэкIуэкIа псалъэмакъым:*



Жэмыхъуэ Iэуес

**- Гектар дапщэ фIыгъ, Аскэр?**

- Мин ныкъуэм тIэкIу щIигъу. Модэ, мо и лъабжьэIуэхэмкIэ щежэх Балъкъ и ныджэм къыщыщIэдзауэ Псыхущхъуэ кIуэ гъуэгум нэс тIыгъщ. Абдежми ибгъухэмкIи «электроIэхъуэ» щыдукъуэдиящ.

**- Гъэщ1эгъуэнщ ар! А «электроIэхъуэ» жыхуэпIэр щывимыIам зым и Iэщыр адрейм и щIым къытехьэу къыщIэкIынт.**

- Тынш хъуащ ди Iуэхур. IэмалыщIэщи, ди лэжьыгъэр абы къытщегъэпсынщIэ. Гъунэгъухэми зэран дахуэхъуркъым, езыхэри аращ.

**- КъызэрыдгурыIуэмкIэ, Iэщ гъэхъуным зэрызептам ухущIегъуэжакъым. Сыт хуэдэ гукъыдэж фиIэу фытес мы щIыпIэ жыжьэм?**

- Тхьэмахуэ е махуипщI сыщыIауэ сехыжа иужькIэ, етIуанэ-ещанэ махуэм сыкъыдэкIуеижарэт хужызоIэ мы щIыпIэм. Арыххэуи, щIалэхэм, тIэкIу сранэхъыжьщи, сакъыхэплъэн щхьэусыгъуэр сиIэу сакъыфIыдокIуеиж. Iэмал иIэкъым фIыуэ умылъагъункIэ мы щIыпIэр!

**- ЩIы зыIыгъ фи гъунэгъухэр ди лъэпкъэгъу?**

- Мыбдежым исхэр адыгэщ. Псынэдахэ къыдэкIахэр тесщ. МобыкIэ ди къуажэм, Бэтэхым, щыщхэм уащыIуощIэ. Псынэдахи Бэтэхи зэгъунэгъу къуажэщи, мыбдежми дыщызэгъусэщ, сыткIи дызэпхащ.

**- Мы щIыпIэр бэджэнду къызэрыфщтэрэ куэд щIа? Фи япэ исахэри хэт сымэ?**

- Иджыпсту къысхуэмыщIэжынуми, дыдей зэрыхъурэ илъэс бжыгъэфI дэкIащ. Ди япэ исахэр Каменномост (Къармэхьэблэ) щыщщ.

**- Уэ, Аскэр, мыр лэжьыгъэ пхуэхъун ипэ, сыт хуэдэ IэнатIэ узыпэрытар?**

- IэщIагъэ зыбжанэ сиIащ, ауэ нэхъ хэгъэбелджылыкIауэ сызыбгъэдэтар курыт школым географиемкIэ зэрыщезгъэджарщ. ТIэкIу срилажьэри, «уей, мыбы сэ сыкъыхуимыгъэщIа» жысIэри, нэгъуэщI IэнатIэ щхьэкIэ зысплъыхьын щIэздзат. Ауэрэ здекIуэкIым, зэгуэр мы щIыпIэм ис си ныбжьэгъу-си къуажэгъухэм я деж хьэщIапIэ сыкъыдэкIащ. МахуитI-щы сыщыIэри сехыжащ, мы щIыпIэм сызэритхьэкъуар, щыслъэгъуахэр си псэм зэрыдыхьар зыхэсщIэу. Абы иужькIи, щэрэплIэрэ хьэщIапIэ сыкъыдэкIащ а гъэмахуэм и кIуэцIым. АдэкIэ, Iэщ къасщтэщ, щIыпIэр къыхэсхщ, сысейм хуэдэуи, сыкъихьэжауэ сисщ. КъуажэкIэ сы-Бэтэхщ. Мыбдежым жэпуэгъуэ мазэ хъуху дытесынущ, адэкIэ Iэщи шыи фермэм етхухыжынущ.

**- ИтIани, Къущхьэхъум узэрыдихьэхам и мызакъуэу, щыфIыгъ Iэщри, шыхэри, мобдежым щыс хьэ нэгъунэ фIыуэ плъагъун хуейщ, къызэрыслъытэмкIэ. НетIэ, фи тэхъуанэм дыкъыщыIухьам, хъыбар фагъэщIащ а хьэхэм.**

- Уей, а хьэхэри димыгъусэу мыбы щытщIэн щымыIэ! Абыхэм жэм гуэр, дымылъагъужу, къуэм къыдэнами къыдахуж. Мастэ яхэтIуну е дыбжьну зэхуэтхусынуми а хьэхэращ нэхъыбэу зыкъытщIэзыгъакъуэр. Дыщыгузавэхэм деж, абыхэм даIуоплъэри, «дыщIэпIейтеин щымыIэ» жыдоIэри, досабырыж. Мобдежым епхауэ тIу кIэрысщи, мы лъэныкъуэмкIи мобыкIи дауэ гуэр къызэрыщыIуу, занщIэу къыдагъащIэ. Мо нэщхъыцэ цIыкIур «Iэхъуэщи», жэмхэм якIэлъоплъ.

**- Сыт хуэдэ Iэщ мыбдежым щыфIыгъыр?**

- И нэхъыбэр IэщIэвыщIэщ, лъэпкъкIэ «ангусщ». Мыбыхэм нэхърэ нэхъыфIу къэзыкIухьрэ къуршым нэхъ езэгърэ жэмым яхэткъыми, ахэр тIыгъщ.

**- ЦIыху дапщэ фыхъурэ?**

- ЦIыхуиплI дохъу, тIурытIу зыщызэтхъуэкIыу.

***АдэкIэ дэ зыхудогъазэ дыкъызытехьа Iэбгъэм ди яужь иту къыIулъэда щIалэм.***

- Жэмыхъуэхэ сащыщщ, Псынэдахэ сыдэсщ, си цIэр Iэуесщ.

**- Уи лэжьыгъэр сытым хуэгъэза, Iэуес?**

- Си къалэныр нэхъыбэу зыпыщIар ди щIалэхэм шынагъуэ къалъэмыгъэIэсыным, Iэщым я кIэлъыплъыкIэм, къегъэщIылIа я хъупIэхэр, зэран къахуэмыхъуIауэ, зэрызэрахьэм лъыгъуэзэнырщ, хуей хъуами защIэдгъэкъуэнырщ - ахэращ си лэжьыгъэр нэхъ зыхуэгъэзар. Нэгъуэщ1у жытIэмэ, хъупIэм исхэми лей къатемыхьэнырщ, Iэщми хэщIыныгъэ емыгъэгъуэтынырщ нэхъыбэу сызыкIэлъыплъыр.

**- Узыпыщ1а къулыкъущIапIэм и гугъу къытхуэщIыт, Iэуес.**

- Дзэлыкъуэ щIыналъэм Iэщ лъэпкъыфI щызыIыгъыу ит IэнатIэхэм ящыщщ «Псынэдахэ» цIэр зехьэ мэкъумэшыщIэ-фермер хозяйствэр (КФК). Дэ абы дыпыщIащ. Дауи, ди закъуэкъым мы щIыпIэм исыр. Районым хыхьэ къуажэхэм Iэщ щызыIыгъыу дэсхэм ящыщу, Къущхьэхъум къыдэкIуеину тегушхуэхэр, аддэ Iуащхьэмахуэ лъапэ нэсыху, исщ, щхьэж къыхуэпупщIа хъупIэр иIыгъыжу. Ауэ, дэ, Псынэдахэм, дыдейуэ, мы дыздэщыIэмрэ абы къыбгъэдэсымрэ хуагуэшауэ, хъушитI иту аращ мы Iэхэлъахэм. Адрейхэр зейр нэгъуэщIщ. IуэхущIапIэ нэхъ инхэми унэй IэнатIэхэми я Iэщыр къыдаху мыбыкIэ.

**- Мыбдежым ит жэмхэри, мэлхэри, ахэр зыгъэхъури шынагъуэншагъэ и лъэныкъуэкIэ я Iуэху зытетым кIэлъыплъ IэнатIэ щхьэхуэ щыIэу ара? Псалъэм папщIэ, уэ Псынэдахэ къуажэ администрацэм и къарукIэ укъагъэкIуауэ ара?**

- А зи гугъу пщIы бгъэдыхьэкIэм хуэдэр, совет лъэхъэнэм щыIэу щытащ. Иджыпсту щхьэж езым и Iуэху зэрыхуэкIуэм хуэдэущ зэрызэфIихыжыр. Дэ абыкIэ къуажэ администрацэм дыпыщIакъым, жылэм и цIэр зыфIэтщыжа щхьэкIэ. Пэжщ, къуажэм щыщ щIалэхэр, зи гугъу тщIы IэнатIэм епхауэ, лъэгумкIи КъущхьэхъумкIи щолажьэ.

**- Мыбы нэс фыкъызэрыдэкIуеин IуэхумкIэ дауэ фыхъурэ?**

- Псынэдахэ нэс дыкъокIри, дыкъокIуэ. МашинэкIэ гъуэгу дытетщ. Гъэмахуэ лъэхъэнэм и пэщIэдзэм, Iэщыр къыщыдэтхуейм деж, щIалэхэри дызэгъусэу, жэщ-махуэ зыплIытхукIэ гъуэгум дыщытет къохъу, дунейм и щытыкIэм елъытауэ. Гъуэгум кIыфI къыщытехъуэкIэ, дызыщIэлъыну чэтэн унэхэр тракторкIэ къытхудрашеяуэ диIэщи, ахэр догъэуври, абыхэм дыщIэлъщ. Пщыхьэщхьэ зэрыхъуу Iэщыр я бжыгъэкIэ къыдопщытэ. Жэщым гъуэрыгъуэурэ доплъыр. Пщэдджыжьым жьыуэ зыкъыдоIэт, аргуэру зэ зыкъыдолъытэжри, гъуэгу дытохьэж. Бжыхьэ ехыжыгъуэми ардыдэращ ди Iэмалыр.

**- Ари телъыджэщ, Iэуес. Мы лэжьыгъэм теухуауэ тхьэмахуэм дапщэрэ укъыдэкIрэ? Мы Iуэхум уэр нэмыщI нэгъуэщIи пыщIа?**

- Хьэуэ, пыщIакъым. Сэ зыращ а къалэныр зи пщэ къыдалъхьар. Мы щIыпIэм пщыIэ щызиIэщи, сыкъыдэкIуея иужь ар си егъэзыпIэщ.

**- Уэри Iэщ бжыгъэ пIыгъ?**

- Хьэуэ, сIыгъкъым. Сэ а щIалэхэм я зэблэхъукIэ-ехыжыкIэм, ерыскъыкIэ зэрыхуэщIам, щхьэж и Iэщ зыхуей зэрыхуэгъэзам, шынагъуэншагъэр къызэрыщызэгъэпэщам сыкIэлъыплъу аращ. СыкъыдокIуейри, мы щIыпIэм махуитI-щыкIи, тхьэмахуэкIи, уеблэмэ махуипщIкIи сыщытес щыIэщ.

*АтIэми, ди республикэм и щIыпIэ нэхъ дахэхэм ящыщщ дыкъыздэкIуар, нэхъ гъэщIэгъуэни, хьэщыкъ нэхъ дызыхуэхъуни къуигъэлъыхъуэну. ТIуащIэ абрагъуэм и лъэныкъуитIымкIи мэзхэм щIагъэнауэ къыIут бгы уардэхэм я дахагъэр псалъэкIэ къыпхуэмыIуэтэным хуэдизщ. Зыкъызощтэжри, сыхьэтипщI иримыкъум, нэхъапэм сыздэщымыIа щIыпIэ зыбжанэри хэту, зыщысплъыхьащ...*

*Тхыгъэри сурэтри* **КЪУМАХУЭ Аслъэн** *ейщ.*

# Музей нэхъыфIу къалъытахэр

**Урысейм и музей нэхъыфIхэм ящыщу къалъытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Ислъэмей, Курп Ипщэ къуажэ курыт еджапIэхэм щыIэхэр. УФ-м и Президент Путин Владимир и унафэкIэ, зэпеуэр «ЩIэныгъэ» урысейпсо зэгухьэныгъэм къызэригъэпэщащ, УФ-м Егъэджэныгъэмкlэ и министерствэр и дэIэпыкъуэгъуу.**

БАХЪСЭН, Тэрч щIыналъэхэм я къуажэ школхэм я проектхэр зэпеуэм и Iыхьэхэм ехъулIэныгъэхэр яIэу щыпхыкIащ. Иджы абыхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIэкIэ Москва зыкъыщагъэлъэгъуэнущ.

Зэхьэзэхуэм щытекIуэнухэм саугъэту сом мелуан 35-рэ хухахынущ. КъинэмыщIауэ, школхэм иджырей Iэмэпсымэхэр, компьютерхэр иратынущ, музей гъэлъэгъуэныгъэхэм папщIэ зыхуеинухэмкIэ къызэрагъэпэщынущ, зэпеуэр къадэзыIыгъхэм къабгъэдэкI саугъэт лъапIэхэр щIыгъуу.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэхэм зэхыхьэм и иужьрей Iыхьэм щагъэлъэгъуэнущ лъэпкъ, тхыдэ щIэинхэр хъумэным теухуа лэжьыгъэхэр. Бахъсэн щIыналъэм хыхьэ Ислъэмей къуажэм и курыт еджапIэ №3-м 5 - 6-нэ классхэм щIэсхэм папщIэ ягъэхьэзыра «Живая нить традиций: этнографическая экспедиция в школьный музей» дерсым и фIагъыр къалъытащ къэпщытакIуэхэм. Ар Iыхьитхуу гуэшауэ щытащ: «Живое плетение», «Примерь образ», «Угадай предмет», «Словарь предков», «Танец и этикет». Дерсым хыхьэу сабийхэр адыгэ щэнхабзэм хагъэгъуазэ: арджэн зэращIым хуагъасэ, лъэпкъ фэилъхьэгъуэхэмрэ абыхэм я пкъыгъуэхэмрэ зрагъапщэ, пасэрей хьэпшыпхэм я адыгэ фIэщыгъэхэр ядж, къафэм и хабзэхэр зрагъащIэ.

Тэрч щIыналъэм хыхьэ Курп Ипщэ къуажэм и курыт еджапIэм 6 - 9-нэ классхэм папщIэ ягъэхьэзыра, тхыдэр зи лъабжьэ «Без срока давности: связь поколений» дерсыр нэхъыфIу къалъытащ. Хэку зауэшхуэм и зэманым Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэгъуэблагъэхэм нэмыцэхэм щызэрахьа щIэпхъаджагъэхэм ятеухуахэр еджакIуэхэм, архив дэфтэрым хэлэжьыхьурэ къагъуэтыжащ, пасэм фронтым къикIа письмохэмрэ дзэ Iуэху хэхам щыIэхэм иджы къагъэхь тхыгъэхэмрэ зэрагъапщэ. Iуэхум хыхьэу къызэрагъэпэщащ ветеранхэм я щIэблэр, дзэ Iуэху хэхам щыIэ щIалэхэр зрагъэблэгъа зэIущIэхэр. ЗэIущIэ нэужьым къызэрагъэпэщынущ сабийхэм зауэлIхэм тхыгъэхэр щыхуагъэхьыну «Стена преемственности» плIанэпэр.

Мы гъэм гъатхэпэм ирагъэжьа зэпеуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэхэр пашэ зэрыщыхъуамрэ абыхэм и кIэух Iыхьэм зэрызыкъыщагъэлъэгъуэнумрэ ехъулIэныгъэшхуэщ. КъызэгъэпэщакIуэхэм япэ Iыхьэм хыхьэу къэралым зэхыхьэ 2606-рэ щрагъэкIуэкIащ, цIыху мин 52-рэ къызэщIиубыдэу.

- Школ музейхэм я зэпеуэм и Iыхьэм щытекIуа IуэхущIапIи 150-р къыхахын ипэкIэ лэжьыгъэшхуэ ирагъэкIуэкIащ: кIэух Iыхьэм Урысейм и IуэхущIапIэ 30-м щIигъу щыхущIэкъуат зы увыпIэр къэхьыным, - жиIащ «ЩIэныгъэ» урысейпсо зэгухьэныгъэм и унафэщI Древаль Максим. - Иужьрей Iыхьэм хыхьэу иджыри къащыпэщылъщ я музейхэр утыку кърагъэхьэну, абыхэм щахъумэ хьэпшып гъэщIэгъуэнхэм я гугъу ящIыну, я Iуэху бгъэдыхьэкIэ нэхъыфIхэм тепсэлъыхьыну. ДэркIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ мы Iуэхум хыхьэу еджакIуэхэм къэралым и тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ нэхъыфIу зыхагъэгъуэзэным, щIэинхэр хуэсакъыу яхъумэным, фэеплъхэр щIэблэм я деж нахьэсыным.

Зэхьэзэхуэм и кIэух Iыхьэр мы гъэм и жэпуэгъуэ мазэм Москва щекIуэкIынущ, «Память жива» урысейпсо зэхуэсым хыхьэу. Ар къызэрагъэпэщащ «Юнармия», «Пэрытхэр» урысейпсо зэгухьэныгъэхэм ящIыгъуу.

КIэух Iыхьэм хыхьэу, къэралым и еджапIэ нэхъыфIи 150-м я лIыкIуэхэм къэпщытакIуэхэм я пащхьэм утыку щрахьэнущ я музейхэм ятеухуа гъэлъэгъуэныгъэхэр. Абы къыщыхахынущ зэпеуэм щытекIуэну IуэхущIапIэ нэхъыфI 70.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**



# Сабийхэм я узыншагъэмрэ шынагъуэншагъэмрэ

**КъБР-м щыIэ МВД-м Наркотикхэр зэрызэрагъакIуэм кIэлъыплъынымкIэ и управленэм щекIуэкIащ зэзыгъэуIу штабым и зэIущIэ. Ар теухуащ щIалэгъуалэр наркотикхэм демыгъэхьэхыным хуэгъэпса ведомствэхэм зэдай «Ди сабийхэм я узыншагъэмрэ шынагъуэншагъэмрэ папщIэ» акцэм и къыкIэлъыкIуэ Iыхьэр егъэжьэным. Iуэхум и къызэгъэпэщакIуэщ КъБР-м щыIэ МВД-р.**

МЫ ГЪЭМ акцэр Iыхьит1у йокIуэкI: япэр иухащ накъыгъэм, етIуанэр фокIадэм и 1-м щыщIэдзауэ дыгъэгъазэм и 16-м къриубыдэнущ.

Лэжьыгъэм хэтщ Урысей ФСИН-м и управленэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэмрэ республикэ министерствэхэм ящыщхэмрэ: Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ, Узыншагъэр хъумэнымкIэ, ЩэнхабзэмкIэ, Лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ, ЩIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ, СпортымкIэ, Бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ министерствэхэр.

Iуэху нэхъыщхьэр - адэ-анэхэм, егъэджакIуэхэмрэ жылагъуэ IуэхущIапIэхэмрэ я къарур щызэгъэуIунырщ балигъ мыхъуахэр наркотикым демыгъэхьэхыным. Лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIынущ школхэм, сабий унэхэмрэ интернатхэмрэ, профилактикэ лэжьыгъэ зэхуэмыдэхэм къриубыдэу лекцэхэр, семинархэр, стIол хъурейхэр, тренингхэр, тематикэ дерсхэмрэ класс сыхьэтхэмрэ, апхуэдэуи интерактив джэгукIэхэр, зэпеуэхэр. Акцэм хэтынущ спортсмен цIэрыIуэхэр, щэнхабзэмрэ динымрэ я лэжьакIуэхэр икIи сэбэп хъунущ къаIэта Iуэхум щIалэгъуалэм гу лъррагъэтэнымрэ профилактикэм и купщIэр ефIэкIуэнымкIэ.

Апхуэдэ лэжьыгъэм нэмыщI, къэпщытэныгъэхэр щрагъэкIуэкIынущ сату щащIхэм, аптекэхэмрэ щIалэгъуалэр куэду щызэхуэс щIыпIэхэмрэ - хуит ямыщI препаратхэр хабзэншагъэкIэ ящэмэ, балигъ мыхъуахэм наркотикхэр зрахьэлIэмэ къыщIагъэщын папщIэ.

КъБР-м щыIэ МВД-м Наркотикхэр зэрызэрагъакIуэм кIэлъыплъынымкIэ и управленэм цIыхухэр къыхуреджэ хабзэншагъэкIэ наркотикхэр зэрырагъэкIым щыгъуазэмэ, хъыбар кърагъэщIэну. Абы папщIэ захуэбгъазэ хъунущ мы телефонхэмкIэ: 02 е 101 (мобиль операторхэм), КъБР-м щыIэ МВД-м и плъыр частым мы номерымкIэ (8662) 40-49-10 е КъБР-м щыIэ МВД-м дзыхь зрагъэз и телефонымкIэ: (8662) 49-50-62.

**ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.**

# ЩIымахуэм хуагъэхьэзыр

**Къэбэрдей-Балъкъэрым электрокъарур зэбгрызытыкI и объектхэм якIэлъыплъыным ехьэлIауэ щыщыIэ программэм ипкъ иткIэ 2026 гъэм зэрыщIидзэрэ трансформатор подстанцу 53-рэ къагъэщIэрэщIэжащ, щIымахуэм ахэр щIыIэм пэщIэтыфын хуэдэу.**

ДЫЗЭРЫТ илъэсыр и кIэм нэсыху абыхэм я бжыгъэр 93-м нагъэсынущ икIи псори зэхэту сом мелуан 32-рэ а лэжьыгъэхэм хухахынущ. Абы нэмыщI, электрокъару забгрызытыкI трансформаторхэм ящыщу 47-рэ зэрагъэпэщыжащ, абыхэм япыщIа оборудованэхэри зыхуей хуагъэзащ.

**ЗЭКIУРЕЙ Ислъам.**

● Футбол

# Я лъэр щIигъэхуащ къызэрыхагъэщIам

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и нэгъабэрей чемпион Алътуд и «Искра»-м мы гъэм ар зэрыIэщIэкIар гурыIуэгъуэщ. Щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр а командэр зэхьэзэхуэ зыбжанэм зэуэ зэрыхэтырщ икIи дэтхэнэми я къарур зэрыхуримыкъурщ.**

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ и чемпионатым къищынэмыщIауэ, алътуддэсхэм ехъулIэныгъэ яIэу зыкъыщагъэлъагъуэ Урысей Федерацэм и Ипщэ, Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэхэм я командэхэр зыхиубыдэ зэпеуэмрэ кубокымрэ. Зым етIуанэ увыпIэр щиIыгъщ, Псынэдахэ и «Родник»-м фIэкIа япэ къимыту, адрейм финалым щыджэгуащ. А псом къадэкIуэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъэмахуэ зэхьэзэхуэр «Искра»-м и деж кIэ, дауи, я къарур къанэ щымыIэу зэрахьэлIэнухэм ящыщкъым. Абы и щыхьэтщ иужь лъэхъэнэм ирагъэкIуэкIа джэгугъуиплIыр - ахэр псори фIахьащ.

«СтавропольАгроСоюз»-м зэIущIэ гугъуитI зэман кIэщIым къриубыдэу Урысей Федерацэм и Ипщэ, Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэхэм я кубокыр къэхьыным ехьэлIа зэпеуэм и финалым щыдригъэкIуэкIыу 1:3, 2:2-уэ къыпикIуэта иужькIэ, шыщхьэуIум и 19-м Налшык и «Спартак-Д»-м ягъэIэпхъуауэ щыта джэгугъуэр «Искра»-м дригъэкIуэкIыжащ. И стадионым щыIэжу 0:6-уэ къызэрыхагъэщIам къегъэлъагъуэ гукъыдэжышхуэ яIэу абы зэрыримыхьэлIар. Махуищ дэкIри, «Малка»-ри 3:0-у къытекIуащ. А зэIущIэм къыщыхэжаныкIри, гъуащхьауэхэм я зэпеуэм бжьыпэр щиубыдащ Умар Азэмэт. «Малка»-м и пашэм мыгъэрей зэхьэзэхуэм топ 22-рэ щыдигъэкIащ. Абы къыкIэлъыкIуэ «Логоваз»-м щыджэгу Мокаев Таулан зымащIэкIэ къыкIэрыхуащ.

Бэрэжьей кIуам ещанэуи къыхагъэщIащ «Искра»-р. Аргудан щыIэу абы къефIэкIащ иужь джэгугъуитIым зэрыщытекIуам и фIыгъэкIэ турнир таблицэм хэпщIыкIыу зыщызыIэта щIыпIэ «Бедик»-р.

Абдежми къыщынакъым. ШыщхьэуIум и 30-м, куэдым хуамыгъэфэщауэ, «Искра»-м бжыгъэшхуэкIэ къытекIуащ Яныкъуей къикIахэр.

Араощи, алътуддэсхэм къахуэнэжыр ещанэ дивизионым щекIуэкI зэхьэзэхуэм я къару псори адэкIэ ирахьэлIэнырщ. Ар къаэзэрехъулIэнум и щыхьэтщ футболист лъэщ зыбжанэ а гупым зэрыщызэхуашэсар.

Абы щыгъуэми, нэгъабэрей чемпионыр зыхъуэжыну хьэзыр «Тэрчыр» лъэбакъуэхъукIэ зэхьэзэхуэм и дыщэ медалхэм хуокIуэ. Тхьэмахуэ махуэм «Урыхур» зэрыхигъэщIам абы бэрэжьейм дыщIигъужащ Налшык щыIэу «Спартак-Д»-м зэрефIэкIар. ТIуми 2:0-у ятекIуэри, джылахъстэнейдэсхэм бжьыпэм зыщагъэбыдащ. Иужьу Шэджэм къикIахэр ягъэгуауэщхьэуащ. «Тэрчыр» абы и «Черкес»-м 12:1-уэ (!) текIуащ. Зи гугъу тщIы зэIущIэм топищ щыдигъэкIри, гъуащхьауэхэм я зэпеуэм бжьыпэр щызыIыгъа Умар Азэмэт щхьэпрыкIащ Iэщын Аслъэн. Ар мы гъэм 23-рэ къыхэжаныкIащ. И цIэ къиIуапхъэщ шэджэмдэсхэм топитху яхудэзыгъэкIа Пщыншэ Аркадий.

Щэбэт кIуам зэIущIэ удэзыхьэх КъэщкъэтаущекIуэкIащ. Чемпионыгъэр къэхьынымкIэ «Тэрчым» и ныкъуэкъуэгъу закъуэ «Логоваз»-м абы къыщригъэблэгъат дыжьын е домбеякъ медалхэм хуэпабгъэ «Малка»-р. 16-нэ дакъикъэм Къанкъул Азэмэт бжыгъэр къызэIуихыу, псынщIэ дыдэу ар щигъэбагъуэжым, къытщыхъуат Балъкъ Iуфэ къикIахэм текIуэныгъэр яхьыну. АрщхьэкIэ загъэпсэхуу къихьэжа нэужькIэ, псоми зихъуэжащ икIи, зэкIэлъхьэужьу хэгъэрейхэм топиплI къыдрагъэгъэкIри, очкоищыр зыIэщIагъэкIащ.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ 2026 гъэм и гъэмахуэ зэхьэзэхуэм и зи чэзу зэIущIэхэм кърикIуа бжыгъэхэм. Мис ахэр: *шыщхьэуIум и 19-м* - «**Искра**» (Алътуд) - «**Спартак-Д**» (Налшык) - **0:6**; *шыщхьэуIум и 22-м* - «**Черкес**» (Шэджэм) - «**Яникой-1961**» (Яныкъуей) - **3:3**, «**Спартак-Д**» (Налшык) - «**Логоваз**» (Бабугент) - **1:3**, «**Тэрч**» (Тэрч) - «**Урыху**» (Урыху) - **2:0**; *шыщхьэуIум и 23-м* - «**Малка**» (Малкэ) - «**Искра**» (Алътуд) - **3:0**, «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) - «**Псыкуэд-Марвил**» (Псыкуэд) - **9:3**, «**Бедик**» (Аргудан) - «**7 Вершин-Шалушка**» (Щхьэлыкъуэ) - **2:0**; *шыщхьэуIум и 26-м* - «**Бедик**» - «**Искра**» - **4:2**, «**Спартак-Д**» - «**Тэрч**» - **0:2**; *шыщхьэуIум и 29-м* - «**Бедик**» - «**Ислъэмей**» **0:3**, «**Логоваз**» - «**Малка**» - **4:2**; *шыщхьэуIум и 30-м* - «**Тэрч**» - «**Черкес**» - **12:1**, «**Урыху**» - «**7 Вершин-Шалушка**» - **4:3**, «**Псыкуэд-Марвил**» - «**Спартак-Д**» - **7:2**, «**Искра**» - «**Яникой-1961**» - **1:5**.

ДызыхуэкIуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ къыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр зэхэтынущ. А махуэхэм зэIущIэн хуейщ: *фокIадэм и 5-м* - «Малка» - «Псыкуэд-Марвил»; *фокIадэм и 6-м* - «Яникой-1961» - «Логоваз», «Черкес» - «Искра», «Бедик» - «Спартак-Д», «Ислъэмей» - «Урыху», «7 Вершин-Шалушка» - «Тэрч» командэхэр.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

***Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм 2026 гъэм гъэмахуэ зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр***

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **1. «Тэрч»** | **20** | **18** | **1** | **1** | **101-12** | **55** |
| **2. «Логоваз»** | **19** | **16** | **2** | **1** | **63-22** | **50** |
| **3. «Малка»** | **19** | **14** | **0** | **5** | **55-26** | **42** |
| 4. «Ислъэмей» | 19 | 13 | 2 | 4 | 69-25 | 41 |
| 5. «Спартак-Д» | 20 | 11 | 1 | 8 | 56-38 | 34 |
| 6. «Урыху» | 19 | 9 | 2 | 8 | 50-41 | 29 |
| 7. «Яникой-1961» | 19 | 6 | 2 | 11 | 37-84 | 20 |
| 8. «Искра» | 19 | 6 | 0 | 13 | 50-63 | 18 |
| 9. «Псыкуэд-Марвил» | 19 | 4 | 3 | 12 | 42-81 | 15 |
| 10. «Бедик» | 19 | 4 | 1 | 14 | 29-63 | 13 |
| **11. «Черкес»** | **19** | **3** | **3** | **13** | **28-78** | **12** |
| **12. «7 Вершин-Шалушка»** | **19** | **1** | **3** | **15** | **33-80** | **6** |

● Спорт хъыбархэр

## Екатеринбург къапоплъэ

**Кавказ Ищхъэрэм къару зэхьэлIэн хуей спорт лIэужьыгъуэхэмкIэ и чемпионатрэ пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтIа зэхьэзэхуэрэ Налшык къалэм щекIуэкIащ иджыблагъэ. Ар къызэрыхах зэпеуэу щытащ икIи абы щызэпеуащ КИФЩI-м и спортсмену 50-м щIигъу.**

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ и гъэсэнхэм ящыщу зыкъыщагъэлъэгъуа гупхэм япэ увыпIэхэр къыщахьащ Веригин Владислав, Бэракъ Рустам, Бараев Темырлан, Щоджэн Iэниуар, Романовская Юлие, Гавриш Александр, Куэшмэн Елдар, Ало Альберт, Мэжджыхь Азрэт, Джатауэ Руслан сымэ.

Гупхэм я зэпеуэм япэ увыпIэр щиубыдащ «Зеикъуэ» командэм, етIуанэр «Легион»-м, ещанэр - «Налшык» клубым.

Зэхьэзэхуэм кърикIуахэр зэхалъхьэжа нэужь зэхагъэуващ Къэбэрдей-Балъкъэрым и командэ къыхэхар. Ар хэтынущ мы гъэм жэпуэгъуэм и 3-м Екатеринбург къалэм щекIуэкIыну УФ-м и чемпионатымрэ пашэныгъэр къэхьыным хуэунэтIа зэIущIэмрэ.

## Медаль псоми ящыщ къахь

**Сочэ къалэм и «Сириус-Арена» спорт комплексым иджыблагъэ щекIуэкIащ каратемкIэ дунейпсо зэхьэзэхуэ. Абы щызэпеуащ ди къэралым и щIыналъэхэм ящыщу 35-м, хамэ къэралу 5-м я спортсмену, щIалэхэри хъыджэбзхэри зэхэту, 800-м щIигъу.**

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ щыIащ икIи екIуу зыкъыщагъэлъэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсменхэм. Я ныбжьрэ хьэлъагърэ елъытауэ зыхэта гупхэм дыщэ медалхэр къыщахьащ Елчэпар Алишер (кг 76-рэ), Гуэбэшы Аскэр (кг 52-рэ), Бежан Идар (кг 40) сымэ.

ЕтIуанэ хъуахэщ Къэзанш Артуррэ (кг 40) Глашев Мухьэмэдрэ (кг 43-рэ). Ещанэ увыпIэр яубыдащ ТекIуий Алий (кг 60), Уянаев Самир (кг 59-рэ), Ахуэмгъуэт Аслъэн (кг 52-рэ) сымэ.

**МЭРШЭН Батыр.**

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Жьэкlэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Ширдий Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Къаншокъуэ Эллэ *(жэуап зыхь секретарь)*, Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ1 Изэ.

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

Къыдэзыгъэк1хэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Ленинsocial и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.114
Заказыр №1885
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

*жэуап зыхь секретарь* Къаншокъуэ Эллэ, *корректорхэу* Щоджэн Иннэ *(3, 4-нэ нап.)*, Нэужьокъуэ Заирэ *(1, 2-нэ нап.)*.

*КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* Дол Маринэ, Ныр Саидэ.

*Сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.